Зауэм и бынхэм я фэеплъ

2-нэ нап.

Адыгагъэмрэ динымрэ зэгуэтщ

3-нэ нап.

Жылагъуэм и быдапIэ нэхъыщхьэ

4-нэ нап.

Сурэтхэр къагъэщIэрэщIэж

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№82 (24.520) ● 2023 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Ди щIалэхэр зэбгрокI

4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

УхуэныгъэщIэхэр йокIуэкI

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ гъащIэм и лъэныкъуэ куэдкIэ зыужьыныгъэ нэрылъагъуэхр здэщыIэ щIыналъэхэм. Псом хуэмыдэж зэхъуэкIыныгъэфIэхр щыщыIэщ егъэджэныгъэгъэсэныгъэ Iэнатlэм: Iуэхущ-IапIэщIэхэр яуху, аэр иджырей мардэм тет хьэпшыпхэмрэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщ. Псори зыхуэунэтIар щIэблэм ягъэут щIэныгъэм и фIагъыр нэхъ ри къэтыныр, Iэнатlэм зегъэужьныныр. Абы и щыхьэтщ республикэм и къалащхьэ Налшык школыщIэу плIы мы зэманым зэрыщауху-хуэр. ЕджапlэщIэхэм екIуэлIэну Iэмал яIэнущ ныбжьыщIэ 3800-м. А уху-ныгъэхэр зэрекIуэкIым мы махуэ-хэм щыгъуазэ зыхуищIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

УХУЭНЫГЪЭЩIЭХЭМ ящыщщ Вольнэ Аул хьэблэм дащIыхь школыщIэр. Профсоюзнэ уэрамым тетыну а еджапIэщIэр, зэрыжаIэмкIэ, щыгъунущ ди республикэм и апхуэдэ Iэхуэщ-IапIэ нэхъ дахэм хабжэу. Езы уэншхэм нэмыщI, проектэр хьубыдэ школ пщIантIэ Iэхуитльхуитыр, стадионхэр, спорт, дэжгуплэ утыку нэхъ щыкIуэхэр, зыгъэпсэхупIэ хадэр. Мы зэманым уухакIуэхэр йолэжь школым и лъабжьэ гъэтIылъыным. ШколыщIэм щеджэну Iэмал яIэнуц ныбжьыщIэ 800-м.

Апхуэдэ ухуэныгъэ инхэм ящыщщ Кулиевым и цIэр зезыхь проспектым тет гимназиер №14-м папщIэ яуху еджапIэ унэщIэр. Ари тещIыхьащ школакIуэ 800-м. УнэщIэр хьэзыр хьумэ, еджапIэр пщэдджыжьыкIуэ защIэу лэжьэнущ. Иджыпсту щIыпIэр уху-ныгъэм хуагъэхьэзыр, инженер комму-никацэхэр ирашалIэ.

Налшык и «Къуэкlыпlэ» хьэблэщIэмэ щауху сабий 1500-рэ зыщIэхуэн курыт школыщIэ. Еджапlэр зэхэтынущ къат щырыщу зэтет унигащу. КьинэмыщIауэ, абы хьэнущ зытIащIыпIэр (зыхуэпапIэр), медицинэ Iэнатlэр, зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI пэшыщхэр, тIысыпIэ 750-рэ зиIэ школ шхапIэр, спорт, тренажёр пэшхэр, библиотекэр. Еджапlэщ-Iм иIэнущ стадионрэ футбол ущыджэгу хъуну губгъуэрэ баскетболым тещIыхьа утыкушхуэрэ. Школыщ-Iм мы зэманым щокIуэкI унэжгуэ-IапIэр), медицинэ Iэнатlэр, зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI пэ-ныщ. Манеж утым къищынэмыща, Москва и ут 25-рэ абы къыхэщIрагъэубыдэнущ. Зэхьыхьэр къыхэзыгъэпэщахэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, фестивалым къаралым и щIыналъэ 70-м щIигъуи я Iэхущ-IапIэ 330-м нэблагъэм я ерыскъыпхъэхэр щагъэлъэгъуэнущ.

Фестивалым и тхыдэм урипIэжмкIэ, 2020 гъэм щыIа зэпеуэм и фIыгъэкIэ Урысейм и щIыналъэ 79-м и Iэхущ-IапIэ 500 къащIухуащ. 2021 гъэм Iэхущ-IапIэ 700-м щIигъуи къыщIагъэкI ерыскъыпхъэхэм зыщагъэгъуэзащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.



Къалащхьэм дащIыхь школыщIэхэм ящыщщ Ватутиным и цIэр зезыхьэ уэрамым тетынури. Курыт еджапIэ №23-м кьедза Iэгъуэблагъэм хиубыдэу екIуэкI уху-ныгъэр зэфIэкIмэ, а школыщIэм екIуэлIэфынущ ныбжьыщIэ 700.

Зи гугъу тщIа уху-ныгъэщIэхэр яухыну хуагъэфащэ етIанэгъэ и кIэухым ирихьэлIэу. 2024 гъэм и дыгъэгъазэм абыкъм ящыщ дэтхэнэми и бжэхэр къухуэзIуихынущ щIэныгъэм и нэхум хуэпабгъэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ. ШколыщIэхэр къызэрагъэпэщынущ иджырей егъэджэныгъэ мардэм хуэкIуэ унэIьащIэхэмкIэ, техникэ пэрытхэмкIэ. А псори икъукIэ яуэращхьэпэнущ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм хэт лъэныкъуитIми: егъэджакIуэхэми абыхэм я нэIэм щIэт школакIуэхэми.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, школыщIэхэр уху-ныгъэм къыдэкIуэу, республикэм шэщIауэ щолажь гъащIэм и нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми егъэджныгъэ-гъэсэныгъэм хэт лъэныкъуитIми: егъэджакIуэхэми абыхэм я нэIэм щIэт школакIуэхэми.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, школыщIэхэр уху-ныгъэм къыдэкIуэу, республикэм поликлиникэщхуэ Налшык зэрыщауху-хуэр. КьищынэмыщIауэ, къалащхьэм къыщызэIуахынущ лыхъ узыфэ зыпкърыгъэхэм щIеIэзэну сымаджэщ. Къалащхьэм мы зэманым щауху-хуэр ЩIалэгъуалэм я творчествэмкIэ унэ, Лъэрыжь къэжьихьыпIэ, Спорт лIэужьыгъуитхумкIэ уардэунэ. Ар мы гъэм и фокIадэм къызэIуахынкъ и мурадщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ЩIалэгъуалэ палатэр зэхохьэ

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и 8-нэ зэхьихьэгъуэм и ялэ зэIущIэр екIуэкIащ. Ар къызэIуихащ Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Кьардэн Мурат.

- ЩIЭУЭ зэхьихьа ЩIалэгъуалэ палатэм мыр и щIипэ зэIущIэщ. Сыныбохъуэхъу IуэхущIафэ дахэ фIэIэну, екъулIэныгъэ къэзгъэлъэгъуэну, зэфIэкIэмкIэ дыкIэгъэгуфIэну, дыззэрыфщыгугъыу фыкъыщIэкIыну. ЩIалэгъуалэ палатэм фи япэкIэ Iуэху щхьэпэжэр ялэжьащи, абыхэм пыфщэну, евгъэфIэкIуэну, щIэщыгъуагъ хэфIхьэну дыхуейщ. Дэ чэнджэщзэгъуи гъуэгугъэльагъуи дыфхуэхъуэнущ. ФокIадэм щегъэжьауэ хэкъуэзауэ Iуэхум фыIэрыуэрэнущи, жэуапIныныгъэ фхэлъу фылажьэ, - яжриIащ Кьардэн Мурат щIалэгъуалэм.

- Нобэ щегъэжьауэ фэ фылэжьэнущ. Дыфщогугъ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр фызэкъуэту, фызэчэнджэщу, фи зэфIэкI вгъэпльагъуэу Iуэху здэдфщIэну, - ещцинщ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэкмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ**. Ар тепсэлъыхьащ ЩIалэгъуалэ палатэм и зэIущIэхэр зэрекIуэкI щыкIэм, зэманыр зэрызэпалъытым, ящIэнур зэрагъэбелджылым.

ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщIу зэдзэрэзыуэ хахащ **Афэщащагъуэ Анзор**. Абы и къуэдзэ ящIащ **Ашхъуэт Алинэ, Зэбакъ Азэмэт, Морозовэ Дарье** сымэ. Жэуап зыхь секретарь Iэнатlэм пэрытынущ **Даур Дианэ**. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и ЩIалэгъуалэ палатэм КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщIу хаха Афэщ-Iагъуэ Анзор КъБКъУ-м Информатикэмкlэ, электроникэмрэ робототехникэмкIэ и институтым электроникэмрэ бжыгъэм тет информацэ технологиехэмкIэ и кафедрэм и инженерщ.

- Ялрауэ, фIыщIэ фхузощI, дзыхь къызэвгъэзу Iэнатlэр зыкъзрысхуэвгъэфащам папщIэ. Си щIэныгъи зэфIэкIи есхьалIэу Iуэхум сыпэрытыну фыкъызогъэгугъэ. Си гугъэщ сэбэн сыхъуфыну Iуэху щхьэпэхэр дгъэкIуэгэныжмкIэ, проектэр пхыдгъэкIынымкIэ. Къалащтэмэ, зыкъом щIауэ жылагъуэ Iуэхум сыпэрытщ, проектэр зэрагъэкIуатэм и пIалъэм хьзощIыкI. 2020 гъэм щегъэжьауэ 2023 гъэ пщIондэ КъБР-м и Парламентым экономикэмкIэ, щIалэгъуалэм я хьэрычэт Iуэхуэхэмрэ лэжьыгъэмкIэ и комиссэм и унафэщIу сыщытащ. Бжыгъэм тет экономикэмкIэ, технологиехэмрэ инновацэхэмкIэ УФ-м и Къэрал Думэм и ЩIалэгъуалэ Парламентым и эксперт гупым мы гъэм сыхагъэхьащ. Сыт сэ ЩIалэгъуалэ палатэм щызлэжьынур жыпIэмэ, ятрауэ, Iэщ-Iагъэ зэхуэмыдэ зиIэхэм я щIэныгъэ гупсысэ зэхэдэ щащI зэIущIапIэхэр сщIыну сыхуейщ. ЕтIуанэрауэ, егъэджэныгъэ программэхэр згъэкIуэтэнущ. Ещанэрауэ, щIыхуэхэм я псэукIэр ефIэкIуэным теухуауэ щIалэгъуалэм жэрдэм ящIыфу езгъэсэну си гугъэщ. Мы зэманым сызэлэжь проектхэри сиIэщ, - жиIащ Афэщ-Iагъуэм.

Лэжьыгъэр яхъумэ

КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и унафэщI Бечелов Ильяс иригъэкIуэкIащ дзэкъыгъэм епха Iуэхуэхэмкlэ щыIэ хабзэхэм теухуа зэIущIэ.

- МЫ гъэм илъэс 30 ирокъу КъБР-м и Парламентыр. Ар республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъэщ. Кьапщтэмэ, 1993 гъэр зэман гугъут. Аущ депутатхэм абы и блыр, щIэщытепсэлъыхьащ КъБР-м и бюджет Iуэхущ-IапIэхэм я улахуэм, ар мащIэ-мащIэурэ хэгъэхъуэным. Гульытэ игъуэтащ «социальнэ контракт» къэрал дэIэпыкъуныгъэм. Ар сэбэп мэхъу цIыху щхьэхуэм лэжьыгъэ Iэнатlэ кьиIлыхьхуэныжмкIэ, езым и Iуэху зезыхьэгъэпэщыжьынымкIэ, мэкъумэщIуэху зэрихуэнымкIэ. Апхуэдэ контрактыр къэбгъэсэбэп мэхъу унагъуэм и хэхъуэр упсэун папщIэ мазэм кьриубыдэу я нэхъ мащIэу уэыхуеинум нэхъ нэхъ мащIэжмэ. Республикэм социальнэ контрактыр нэхъыбэ дыдэу кьыщагъэсэбэп Iэщ е дждкъаз зезыхуэхэм. Контрактым тету уи IуэхуцIафэ зэтебублэжьын папщIэ уи щхьэ уэзрыхуэлэжьэжыр (самозанятый) дэфтэрэкIэ бгъэбелджылын хуейщ.

Iэнатlэ Iутхэр зытетыпхъэ хабзэхэм, я хуитыныгъэхэм, а Iуэхум теухуауэ ягъэзащIэжи тепсэлъыхьащ КъБР-м и Профсоюзэм и федерацэм и унафэщI **Амщокъуэ Фатlимэт.**

- Лэжьыгъэм епхауэ я къаралым щагъэува хабзэхэм тету къэпщытащ Iэнатlэ пэрытхэм я хуитыныгъэхэр. Апхуэдэхэщ лэжьыгъэм пыщIа хуитыныгъэр, цIыхур хэгъэзыхькIэ бгъэлэжьэну уэзрыхуимытыр, дэтхэнэ лэжьакIуэми и зэманым и улахуэр зэретыпхъэр, дэтхэнэми зыгъэпсэхугъуэ пIалъэ зэриапхъэр, - жиIащ Амщокъуэм. - КъБР-м лэжьыгъэ Iэнатlэ пэрытхэм я хуитыныгъэр къыщызэгъэпэщащ ведомственнэ, къэрал, цIыхубэ кIэлъыплъныныгъэхэмкIэ. ЦIыхубэ кIэлъыплъныныгъэр къыщызэрегъэпэщ Профсоюзхэм я федерацэм. Iэнатlэ щхьэхуэ пэрыувэм и хуитыныгъэхэмкIэ, пенсэмкIэ, зыгъэпсэхугъуэ пIалъэм, лэжьапIэнщэхэм ират ахъшэм теухуауэ щэсыпIэ ивэзу щыIэ дэфтэрыр лэжьыгъэм епха зэгурыIуэныгъэрщ.

ЛэжьыгъэмкIэ къэрал инспекцэм КъБР-м щиIэ и къудамэм и унафэщI **Тогузаев Тlэхьир** игъэбелджылащ республикэм лэжьыгъэ Iэнатlэм пыщIа хуитыныгъэхэр я нэIэ зэрыщIэтыр, ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм, кIэлъыплъныныгъэхэм ятеухуа бжыгъэ щхьэхуэхэри кьигъэльэгъащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сымаджэщым и къудамэщIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зыщигъэгъуэзащ Налшык щауху-хуэ социальнэ Iуэхущ-IапIэ инхэм я Iуэху зэрекIуэкIым.

ЩIЫНАЛЪЭМ и Iэтащхьэр щыIащ республикэ клиникэ сымаджэщым икIи зригъэлъэгъащ сымаджэхэм псынщIэу дэIэпыкъуэгъу щахуэхьу къудамэщIэр щауху-хуэр щIыпIэр. Къыхаха щIыналъэр лэжьыгъэхэр зэрыщIадзэнум хуагъэхьэзыр, мы тхьэмахуэм ухуэныгъэхэм щIадзэнущ.

Сымаджэщым игъэтыну зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуауэ КIуэкIуэ Казбек епсэлъащ КъБР-м узынщагъэр хуэмэнымкIэ и министр Кьалбатэ Рустамрэ Iуэхущ-IапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ Тет Хьэсэнбийрэ. Абыхэм къыхагъэщащ узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм щеIэзэу щIынальэм ит Iуэхущ-IапIэ нэхъ ин дыдэм, уз, фэбжь зэхуэмыдэхэр яIэу ПащIэгъуэкIэ сымаджэхэр сытым дежи зрашалIэм, апхуэдэ къудамэ къыщызэIухьныр Iэнатlэм зиужьынымкIэ унафэ тэмэму кьалъытащ.

Сымаджэщым и къудамэщIэм пIащIэгъуэкIэ къращэлIа сымаджэхэм я узынщагъэр псынщIэу къыщахутэфынущ икIи я узыр зыхуэдэм, и щытыкIэм и хьэлъагъым ельытауэ адэкIэ къыщеIэзэнур яубыхунущ.

Метр зэбгъуэнатlэу мин 1,2-м щIигъу щIыналъэм тращIыхьыну унэр сымаджэхэм я тыншыпIэм хуэщIауэ щытынущ. Абы хэтынущ операцэ щащI, реанимацэ пэшхэр, къищынэмыщIауэ, лъэрытет сымаджэхэмрэ зи щытыкIэр нэхъ хьэлъэхэмрэ щаIыгъ щIыпIэхэр зэщхьэщыхауэ щытынущ. Къудамэм иIэнущ иджырей Iэмпэсымэхэмкlэ къызэгъэпэща диагностикэ пэщ, КТ, УЗИ аппарат лъэщхэмкIэ къызэгъэпэщауэ. Сымаджэхэр мыбдеж щаIыгъынущ махуищым нэблагъэкIэ - и щытыкIэр зыхуэдэр зэхагъэкIыну адэкIэ къыщеIэзэну къудамэм ягъэкIуэхукIэ. Абы Iэмал къаритынущ хирургие и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэр зэтеублауэ екIуэкIынымкIэ, сымаджэщым и зэфIэкI псори нэсу къагъэсэбэпынымкIэ. Сымаджэщым и унищри - щхьэ зытелъ зэпрыкIэпIэкIэ зэпыщIауэ щытынущ, абы иIкъ иткIи сымаджэ хьэлъэхэр здагъэкIуэну къудамэхэм нэхъ тыншу яIэнущ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм я фIыгъэкIэ пIащIэгъуэкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зэныкъуэхэм нэхъ псынщIэу Iэхутхьэбзэхэр хуащIэфынущ.

Мы проектыр ягъэзащIэ Адыгэ Республикэм и Президенту щыта, къэрал, политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ ЩIэмэн Хьэзрат Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ къарита мылъкумкIэ.

● Фестивалхэр

Хэт сыткIэ къулей?

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 7-м къызэIуаха выставкэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэлъагъуэ ди щIыналъэм къыщыдалъытэ ерыскъыхэкIхэр: адыгэ къуэйр, балъкъэр хъыршынр, къэхъун помидорхэр, мыIэрысэхэр, псыIэфIхэр, Налшык и гъэшхэкI комбинатым «Чабан» фIэщыгъэцIэм щIэту къыщIигъэкIхэм ящыщхэр. НэгъуэщI щыналъэхэм я къъуейхэр, бдзэжьей хугуэхр, лыхэкIхэр, фохэр, IэфIыкIэхэри абы щагъэлъагъуэ. Фестивалым и хьэщIэхэм Iэмал яIэщ ерыскъыпхъэхэм я Iэфlагъым епльыну, ягу дыхьэр абдеж къыщащэхуну.

Мы Iуэхум хэтщ Урысейм и мызакъуэу, хамэ къэралхэми къыщащIыху, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа, пщащIэ Iэзэ Чеченов Бисо. Балъкъэр хъыршынхэм я гъэхьэзырыкIэм теухуа мастер-классхэр фестивалым хыхьэу абы иригъэкIыжкI.

Урысеим, Кавказым, Поволжьем я Iэпщ-IэльапщIэхэм ягъэхьэзыра хьэкъущыкъуэхэр щагъэлъагъуэ Тверь утым, абдеж щокIуэкI мастер-классхэр.

Революцэ утри цIыху кIуапIэщ! Абы щолажьэ дамыгъэхэмрэ тхыпхъэхэмрэ я лъэщапIэ. Урысей Ищхьэрэм, Кавказым, Поволжьем я Iэпщ-IэльапщIэхэм я саугъэт цIыкIуфэкIуэр абдеж щызэхуахьэсащ.

Фестивалым дэщIыгъущ щэнхабзэ программмэ щIэщыгъуи. Абы зыкъорезыхьэлIаэр Урысейм и щIыпIэ псоми икIа артистхэм я уэрэдхэмрэ кьафэхэмкIэ я нэгу зрагъэужь. Ди артистхэм ящыщу абы хэтщ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблыр, «Балкарие» къэрал Iуэрыуатэ-этнографие къэфакIуэ ансамблыр. Текуев Амур, Зеушэ Iэуес, Пащты Iэсият, Хьэжъул Оксанэ сымэ.

Фестивалыр бадзэуэгъуэм и 16 пщIондэ зэхэтынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Зауэм и бынхэм я фэеплъ

Тэрч къала дэт зыгъэпсэхупIэ жыг хадэ нэхъыщхьэм иджыбгаГъэ къыщIэзэIуахащ «Зауэм и бынхэр» мемориал дамыгъэр. Ар хэку зауэшхоэм зи сабиигъуэр хиубыда, абы зи гъащIэр зэхичэтхъауэ щытахэм я щIыхьым и фэеплъщ.

МЫ IУЭХУМ хэтащ щIыпIэ самоуправленэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, кадетхэр, псапащIэхэр, «Захуагъэ здэщыIэ» политикэ партым къыбгъэдэкIыу КЪБР-м и Парламентым и депутат Токъу Руслан, «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм КЪБР-м щIэ къудамэм и унафэщI Къанэмэт Замир сымэ, нэгъуэщIхэри.

Фэеплъ дамыгъэр щIыныр зи жэрдэмыр «Зауэм и бынхэр» щIыналъэ къудамэрщ. Ар даIыгъащ Тэрч щIыналъэ администрацэмрэ хьэрычэтыщIэ зыбжанамрэ. Мыр гуп ныкъуэ хьэзабэрэ зи нэгу щIэкIахэм, балигъыкъэ ягъэгъуэ ящIыгъ. КъэзыщIэуа сабийхэм, Iэпкъльэпкъ кIи гукIи фэбжь зыгъэтахэм я фэеплъщ.

«Зауэм и бынхэр» зэгухьэныгъэм Тэрч щIыналъэм щIэ къудамэм щIыгъ. Ар даIыгъащ Тэрч щIыналъэ администрацэмрэ хьэрычэтыщIэ зыбжанамрэ. Мыр гуп ныкъуэ зи нэгу щIэкIахэм, балигъыкъэ ягъэгъуэ ящIыгъ. КъэзыщIэуа сабийхэм, Iэпкъльэпкъ кIи гукIи фэбжь зыгъэтахэм я фэеплъщ.

«Зауэм и бынхэр» зэгухьэныгъэм Тэрч щIыналъэм щIэ къудамэм и унафэщI Дукъуэ Хьэжбий фэеплъыр гъэхъэзырыным мылъкуIэ закъыщIэзэгъэкъуахэм фIыщIэ яхуищIри, я Iуэхущ Iапэм къыбгъэдэкI щIыхь тхыльхэр яритащ. Дэбагъуэ Игорь, Хьэрэдэуэ Заурбий, Гуанэ Анзор, Унэж Вячеслав, Хьэткъут Аслъэн, Мэмий Владимир, Тубэч Мадинэ сымэ.

Къызэхуэсахэр дунейм ехыжахэм дакъикъэкIэ яхуэщIыгъуэри, фэеплъым удэ гъэгъахэр тралъхьащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Ильэс 223-м къриубыдэу хуэди 8-кIэ хэхъуащ

● Махуэгъэпс

Щы Хьурейм щIыхуу тесым я дунейпсо махуэу (World Population Day) бадзэуэгъуэм и 11-р къыщалъытар ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэу 1990 гъэм и дыгъэгъаззэм екIуэкIарщ. ХэзыщыкIэм зэрыжаIэмкIэ, ар а махуэм щIрагъэхьэлIам щхьэусыгъуэ хуэхъуар 1987 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-р ди планетэм щIыхуу щыпсэуам я бжыгъэр меларди 5-м зэрыщыщхьэдэхащ.

ТХЫДЭ мыжыжьэм къызэрыхущыжьмкIэ, ООН-м хэтхэр а Iуэхум нэхъ щхьэтечу тепсэлъыхь щыхьэр 1960 гъэм щыщIэдзауэщ. Ириплей-тейуэ щIрагъэжьари щхьэусыгъэншэтэкIыем, къыкIэлъыкIуа илъэс плIыщIым нэблагъэм, нэхъ пыуыкIауэ жыгIэмэ, 1999 гъэм и жэпуэгъуэм нэсыху, Щы Хьурейм щIыхуу тесам я бжыгъэр тIукIэ нэхъыбэ зэрыхьуар къэтпытэмэ.

АтIэми, щIэныгъэлIэхэми зэрыжаIэу, ООН-м щылажьэхэр мы Iуэхум щIытегъэзыхьыр псом я дежкIи гурыIуэгъэ хъунут ди планетэм щIыхуу щыпсэуам я бжыгъэр нэхъ псынщIэжу зэрыхэхъуэм дызыхуишэнкIэ хъунум дегупсеу сц щытыгъамэ. Уэ сыти жыIи, гу зыльыттам дытемыкIмэ, 2050 гъэм ирихьэлIэу Щы Хьурейм щыпсэунухэм я бжыгъэр мелард 11-м нэсынкIэ зыхуэIуа щыIэхъым.

БлэкIар щIэтпщытыкIыжу

ЛIэщIыгъуэ блэкIахэм къазэрыхэщыжьмкIэ, Щы Хьурейм щIыхуу тетам я бжыгъэр зэман кIыхьым кIыриубыдэу зэрызихьэуж щIагъуэ гъэтха я пIалъэ кIэщым къриубыдэу ди планетэм щIыхуу тетыныхэм я щыIэкIэ-псэукIэр зыхуэдэнур къэхутэныжмкIэ гъэзэщIапхъэхэзэрэ я бжыгъэм зэрызихьэжьым кIэлъыплъыныжмкIэ лэжьыпхъэхэмрэ. КIынэмыщIауэ, а программэм итщ зи зыужьыныгъэкIэ адрейхэм къакIэрыхуу къэралхэм запыщIэныжмкIэ, щыпсэуэр зыхэт тхъэмыщIкIагъэм къыхэошыныжмкIэ, дэхущхэхэм щIэныгъэ ергъэгъуэныныжмкIэ, сабий куэд зиIэ унагъуэхэм защIэгъэкъуэныжмкIэ хэкIыпIэу къалъытэхэри.

Къыхэгъэщыпхъэщ, къызэрыуэнхурэ ильэс пщIы бжыгъэ фIэщIа дэмыщIкIами, ООО-м къыгурэкIыпIэ зимыIэ лэжьыгъэфI куэд зи зыужьныныгъэкIэ адрейхэм къакIэрыкъ къазэрыгъэкIыжу, мы зэманми зэрыщигъэзащIэр. Сыт и уасэ, псалъэм папщIэ, а зэгухьэныгъэм дунейпсо зыужьыкIэм пэIэщIэ хъуэ щыIалъэ пыдзаэхэм я нэIэ зэратригъэтыр, щыпсэуэхэм я бжыгъэр къытригъэзэжурэ зэрыщыщIипщытыкIыр, зыхуэй-зыхуэныкъуэхэр зэрызэхигъэкIыр.

Меларди 8-м дыщхьэдэхащ

АтIэми, къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэпытагъэхэ, ди планетэм щыпсэуэхэм я бжыгъэм ямылейуэ хэхъуэн щыщIидзар XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэрщ. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, 1974 гъэм ар меларди 4-м нэсащ. Ильэс 13 дэкIри, Щы Хьурейм къытехутащ меларди-тхум «дынэзыхуэсыфа» щыIу щыкIур. КъыкIэлъыкIуа ильэс 12-р и кIэм щынэблагъэм (XXI лIэщIыгъуэм дыщыхьхьам), ди бжыгъэр меларди-тхым щхьэдэзыгъэха сабий ри дунейм къытехащ. Аргуэру ильэс 12 къызэрыгъэзэнкIыу, 2011 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм ООН-м хьыбар зэбгригъэхащ Щы Хьурейм щIыхуу тетам я бжыгъэр меларди 7-м зэрынэсамкIэ. 2023 гъэм дызэрыт мазэм ирильэлIэу, ди планетэм щIыхуу щыпсэуам я бжыгъэр меларди 8,04-м нэсащ.

Сыт, атIэ, абы щхьэкIэ жызыIэн къытхэкIынкIи хъунщ. АрщхьэкIэ, 1800 - 2023 гъэхэм къриубыдэу Щы Хьурейм щIыхуу тесам я бжыгъэр хуэди 8-кIэ хэхъыбэ зэрыхъуар къэтпытэмэ, ар икъуэсыкъужкIэ зэгупсысыспхъэщ.

XXI лIэщIыгъуэм, псомэ зэрытщIэщи, нэхъ дыкъэзыгъэгузавэ Iуэхугъуэу къыкъэуэкIахэм ящыщщ ди планетэм и щхьэфэм ИмыгъэкIэ хуабагъэм хэхъуэ зэпытурэ зэрекIуэкIри. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщу щIэныгъэлIэхэм къалъытэр Щы Хьурейм щыпсэуэхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыщыхъуэм я къэдэкIуэу, къыщрахьэжьэ лэжьыгъэхэми зэрыщыхэхъуэрщ. Уеблэмэ иужьрей Iуэхугъуэр нэхъ дыкъэзыгъэгузавэщ.

Араущи, ди планетэр зи щIыпIапIэ щIыхуэхэм я махуэ зыфIащэ мы Iуэхугъуэм и къалэн нэхъыщхьэр щыпсэуэхэм я бжыгъэр псынщIэ дыдэу зэрыхэхъуэм, абы дызыхуишэнкIэ хъуну тхьэмыщкIагъэм, ар къыззэнэкIыныжмкIэ, уеблэмэ къэмыгъэхъуныжмкIэ, хэкIыпIэу щыIэжэр зыхуэдэм щIэныгъэлIэхэр, жылагъуэр нэхъ зэIухуэу тегъэпсэлъыхьныщ.

Щы Хьурейм тетхэм я дунейпсо махуэр къыщыхалъхьар щIэныгъэлIхэри жылагъуэри зи гугъу тщIахэм нэхъ зэIухуэу тепсэлъыхьхэр, гумызагъэгъэ тхэлъыр абы дыхуащытын папщIэщ.

ГъэщIэгъуэнщ

Щыпсэу щыхуэхэм я бжыгъэмкIэ мы зэманым псом япэ ищар Индие щыналъэщ. 2023 гъэм и япэ мазищыр щиухым, ар а IуэхумкIэ япэ ищащ альандэрэ бжыгъэр зыIыгъа Китайм. Ди къэралыр къэтщэнщи, СССР-р щыIалъэжьа 1991 гъэм нэсыху щыпсэуа щыхуэхэм я бжыгъэмкIэ ещанэ хъуар Америкэм и Штат Зэгуэтхэрщ (США). Индонезиемрэ Пакистанымрэ (зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу) мы зэманым ерплIанэ, етхуанэ увыпIэкIэ яубыдащ. Нигерие, Бразилие, Бангладеш, Урысей Федераци къэралхэм (зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу) еханэ, ебланэ, еянэ, ебгъуанэ увыпIэкIэ яIыгъщ. Зэрыгъэщи, ди планетэми и щыналъэ зэхуэмыдэхэм щыпсэуэхэм я бжыгъэр зэрыщыхэхъуэми зэщхьэщыкIныгъэ ин яIэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Урысейм и Къэрал Думэм зэ еджэгъуэкIэ къыщтащ курыт еджапIэхэм лэжьыгъэм ехьэлIа хабзэр щызэфIэгъэувжьыным теухуауэ къыхалъхьа хабзэр.

ЗЫЗЫУЖЬ дунейм щIыхуи и Iэкlэ кърихьэлIэ лэжьыгъэм увыпIэ щимыгъэуэтыжьыным тешыныхьхэр иджыпсту мащIэкъым. Технологиехэм я лъэхъэнэр къэунэхури, щIыхур лэжьыгъэм пэIащIэ хъуэ хуежьащ, уеблэмэ унагъуэ Iуэху къызэрыгуэкIри, къаруэ тратгъэкIуадэу зэфIэхьи хуейуэ язынныкъуэхэм ямыдэжу.

Школ программэм увыпIэ щхьэхуэ щызыIыбыду щыта лэжьыгъэм и дерсхэр Iуэныхахэр зэгупсысыр сыту пIэрэт, щIэпсэпсо гъэзэжхуIэу къагъэсэбэпыну мурад щащIым жыпIэнщи, абы къриIэнур къыбгурыIуэн щхьэкIэ еджагъэшхуэу ущытыни хуейтэкъым. АтIэ хъэнэжьыр, абы къахудэкIуэнур ящIэу, щIэблэм я акъылымрэ гупсысэмрэ лъэныкъуэ пыуыхьIакъэмкIэ ебзыхьэкIынырщ.

Цыхур цIыху эщыщыр лэжьыгъэрщ, жаIэу къеклуэкIащ. Сыт Iейуэ хэлъыр школым щIэс щIалэ цIыкIухэм уадэрэ гъущI Iунэрэ яIыгъыфу, хъыджэбз цIыкIухэм мастэнэ кърахьифу Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэу курыт еджапIэм къыщIэзэкIыным?

Псом нэхъ шынагъуэр абы сабийхэр хуейуэ къэзымылъытэ адэ-анэ куэд иджыпсту зэрыщыIэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр хиубыдащ «щыIэр къэзыгъэсэбэп» щIэблэ гъэсапхъэу, абы емыкIуи хэмылъу къащIалъта зэманым. АтIэ иджы ар диIэщ, адэкIэ - щэ?

Сабийхэр паркым зыпрыхьакIуэ зыша анэр теплъэкъэпIэм и кIапэм лъэныкъуэгъэз зищIауэ тесщ, телефоныр иIыгъыу. Абы ихъуреягъым къыщыдэрекIыжьэ еша сабий цIыкIуитIым упщIэ гуэрхэмкIэ я анэм зыхуагъэзащ зыбжанэрэ - зыри къикIакъым. Зы зэман зэ зыкъригъэзэкIщ, фIыуэ къажьыхъилъэри, зIыщIыуэ телефоным «итIысхьэжащ». АдэкIэ апхуэдэ зы иджыпей анэ къыщыщт. Абы ищIраращ, и сабий илъэсищ нэхъыбэ мыхъуар жыг щIагъ жьауэм щIигъэуваэ, «фотосессие» дрегъэкIуэкI: щыгъ плIэ цIыкIур зэм и плIэмкIэ щыфIегъэхури, и лъакъуэхэр забладзауэ егъэуфа. АбыкIи игу мызагъэу, махуэ къэс телевизорымкIэ илъагъуэхэм текуэу егъэтIыс, егъэуфэ, сабий ешам зреIуэнтIыхь. Анэри къыкIэрыкIыркъым - гурыIуэгъуейиц афIэкIа ныбжь зимыIэ сабийм къриIэуэтэну зыхуейр. Зи акъыл зэрымыуфыда сабийм зэманкIэ апхуэдэу елэжьи, хэдыкIым ар пхудегъэхьэхьыжыныр фIэщ щыгъуейиц... Ар къыззэрыдэкIуэтейуэ гъащIэм къащIихьыгъуэнур тыншыгъуэ рэ ахъшэрэщ. Дэнэ нэсыху?

Язынныкъуэ анэхэр иджыпсту я телъхьэкъым я бынхэр Iэщ Iагъэ щхьэхуэхэм школхэм щыхурагъэджэным. ДызыхуэкIуэ зэманым цIыхур Iуэхуншэу е башу къалэтым пщIэ пэкIуэн хуейуэ къахощхъу. Пжэ гуэр абыи хэлъщ, лэжьыгъэ хьэлъэкIэ ахэр къыщIэбгъэсэбэпын щыIэкъым, ауэ егъэджакIуэхэм я нэIэм щIэту а цIыкIухэм зэгъэсу класс пэщIэ ягъэкъэбзэным, школ пщIантIэхэр зэщIапхъэнкIэным, жыгыщIэ цIыкIуэхэр хасэным ехьэлIа щIэбэт щIыхьэхуэхэм хэтыным сыт Iейуэ хэтъ адэ-анэхэмкIи езыхэмкIи. Интернет гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ дихьэхащ ар тыщу къапхугурыгъэIуэжьыркъым. Сабийхэр еджэным къащIадзэхэм, кIуэрыкIуэным. ПэхуэщIэм и фIыгъэкIэ курыт еджапIэхэм Iэжьыгъэм теухуа дерсхэр щызэфIагъэувэжьным дыщыгуфIынщ, ар игуэзу къэзыIутэ адэ-анэхэри щыщIэкIэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Фlым къегъэзэж

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Гъэмахуэ шынагъуэншэ

Автоинспекторхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ «Шынагъуэншагъэм и лабораторэм» и Iэщ Iагъэлlхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сабийхэм папщIэ ирагъэкIуэкIащ «Гъэмахуэ шынагъуэншэ» Iуэху щхьэпэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щIыналъэхэм щыщ сабии 100-м щIигъуэм зыщагъэпсэху Налшык къалэ дэт прогимназие №41-м щрагъэкIуэкIащ транспорт зэжьэхэуэхэм защIэхъуэмэным хуэзыущий Iуэхуэхэр.

«Шынагъуэншхагъэм и лабораторэ» ягъэIэпхуэу комплексыщIэм абы ухуэсыгъаджэ материалхэр къагъэсэбэпри, ЕгъэджэнэгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ министерствэм и деж щыIэ Сабий гъэзэгутранспорт фэбжьхьэмкIэ профилактикэ центрым и Iэщ Iагъэлlхэм, Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и Автоинспекцэм и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт ЦIыпIынэ Заремэрэ сабийхэм гурагъэIуащ машинэ щызекIуэ Iуэгъуэм упагъунэгъуэмэ, уэзрысакъыпхъэр, лъакъуэрыгъажэхэмкIэ, роликхэмрэ самокатхэмкIэ уэзрызекIуэнур.

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр шынагъуэншэу екIуэкIыен папщIэ полицейхэм абыхэм ягу къагъэжьакащ машинэхэмрэ мотоциклхэмрэ щызэмыкIуэ пщIантIэм фIэкIа ущыджэгу зэрымыхъунур.

- Гъуэгум и лъэс зэпрыкIыпIэм утехьэн ипэкIэ фыкъуэвыIуэ зыфIплъыхьын, шынагъуэ зэрыщымыIэр зэвгъэщIэн хуейщ. НабдзэгубдзапIэзу фыщыт, унэхэм деж щыт автомашинэхэм фащыблэкIкIэ, пщIантIэхэм транспортыр щыдэкI-щыдыхьэхкIэ. Автомашинэхэр щызекIуэ гъуэгум пэгъунэгъу пщIантIэм ущыджэгуну шынагъуэщ, - жаIащ автоинспекторхэм. Абыхэм ныбжьыщIэхэм зкраIащ илъэси 7-14 ныбжьым къриубыдэхэм къыщажьыныну хуитыр льакъуэрыгъажэм хуэщIа гъуэгуэхэмрэ лъэс зекIуаниэхэмрэщ.

- Льакъуэрыгъажэм фыщытетIысхьэкIэ, рулыр IитIымкIэ фIыгъ, Iэмал имыIэу щлем, Iэфракlэ, лъэгуажьэ телъхьэхэр къэвгъэсэбэп, - жиIащ ЦIыпIынэ Заремэ.

А махуэм мы Iуэхум хэтащ сабии 100-м щIигъу. Езы сабийхэм жаIащ щрагъаджэ, щагъэджэгу утыкуэм къыщызэрагъэпщ Iуэхуэр зэрафIэгъэщIагъэныр.

НыбжьыщIэхэм автоинспекторхэр къагъэгугъащ зрагъэщIэрэ я ныбжьэгъуэми жраIэжьну, еэыхэр щапхъэгъэзыгъэнур щытыну.

БАХЪСЭН Ланэ.

ЩIэгъэкъуэн къахуохъу

2022 гъэм Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым епхауэ къызэIуахауэ щыта «Арт-идея» Iуэхущ Iапl эм и Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпэкIэ щыIэ пэтми къахохъуэ.

ПСОМ хуэмыдэу абы нэхъыбэрэ зыхуаГазэ хуэщI блогерхэм, журналистхэм, телевидеонэм и лэжьакIуэхэм. Апхуэдэу Дол Марьянэ иджыбгаГъэ абы щытрихащ «Большой книг» и премиинур. Интервьюм къригъэблагъэ журналист Мэшэз Дианэ абы щытригъэпсэлъыхьащ тхылъым иIэ мыхьэнэм, сабий литературэр къызэрыщыхъум, фIыуэ ильагъу тхыгъэхэм. Хьыджэбзым щапхъэу кIыхьаxэм ящыщщ «Вётер в ивах» (Грэм Кеннет), «Мой дедушка был вишней» (Нанетти Анджелэ, «Подорожник» (Алавидзэ Дарье) тхылъхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ, «Арт-идея» Iуэхущ Iапl эм интервьюор репортажрэ щытепхыныи и мызаIуэу, уеблэмэ видеоклипхэм, дэфтэрэхэр зи лъабжьэ фильмэм уэзрыщIелэжьыну Iэмалхэри зэрыщыIэр. Мыбдеж мастер-классхэр щрагъэкIуэкI, къэухым зезыгъэжьэ зэхьыхэхэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди къыщыщзрагъэпэщ.

Центрым хуэдэ Кавказ Ищхъэрэм и нэгъуэщI щыIэхьым, ар Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым къыщызIуахауэ щытащ УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм «Придумано в России» федеральнэ проектым хьыбэу къызэригъэпэща зэхъэзэхуэм зэрыщыгъекIуам илъэс иткIэ.

Iуэхущ Iапl эр адыгэ техникхэмкlэ къызэгъэпэщащи, зызыужьыну хуейхэм тегъэпсащ. ЕджапIэм щIалэгъуалэ, хъыбарегъащIэ политикэкIи и къудамэм и унафэщI Челикин Артём зэрыжиIэмкlэ, центрым и Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпыну хуитыр студентэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я закъуэкIым, атIэ лэжьыгъэ хьэлэмэт гуэрхэр зиIэ дэтхэнэри абы екIуалIэ хъунущ. Абдеж спектаклхэм, фильмхэм, рекламэхэм макъамэхэр щыщIагъэзэфынущ, 2D, 3D Iэмалхэмкlэ я лэжьыгъэхэр щагъэнщIыфынущ, мультфильмхэм хэт лIыхъужьхэм я псалъэхэр зэгъэкIуаеу щрагъэтхыфынущ.

Къапщтэмэ, мы Iуэхущ Iапl эр щэнхабзэ зэхуэсхэр щебгъэкIуэкIыну къэбгъэсэбэпыныр уасэ иIэкъым, щIалэгъуалэм я лэжьыгъэхэр ягъэкIуэтэныжмкlи сэбэпщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Дунеим щыхъыбархэр

ПсэупIэхэр ирагъэфIэкIуэж

Урысейм къыхагъэхьэжа щIыналъэхэр зэфIэгъэувэжыным, абыхэм зегъэужьыным теухуауэ лэжьыгъэ пыуыкIаехэр къэралым щрагъэкIуэкI. Иджыблагъэ УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и министр Файзуллин Ирекрэ Донецк ЦIыхубэ Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Пушилин Денисрэ щыналъэм псэупIэ ухуэныгъэхэм зыщегъэужьыным теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIыпIащ.

ПЪЭНЫКЪУИТIЫМ я зэдзэлажьэныгъэр нэхъ тегъэощIауэ щытынущ иджырей мардэхэм тету къалэхэр ухуэным, апхуэдэуи нэхъапэкIэ кърагъэжьауэ щыта, фэтэр куэду зэхэт унэхэр хьэзыр щыным. Къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжащ 2030 гъэм ирихьэлIэу ику иту Урысейм щызэфIагъэкI ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм ехьэхэуэу Iуэхур зэтраублэну.

2022 гъэм и мэкъуэгуэрэ мазэм щегъэжьауэ ДНР-м щызэфIагъэувэжащ фэтэр куэду зэхэт унэу 1643-рэ, щхьэзакъуэ псэупIэу 293-рэ. Иджыпсту жыджэру зыхуагъэхьэзыр бжьыхьэ-щыламахуэ лъэхъэнэм, Iэщ Iагъэлlхэм инженер коммуникацэхэр зыхуей хуагъэзэж. «Щыналъэм и цIыхухэр псэупIэ тыншхэмкlэ къызэгъэпэщыным, абыхэм гъащIэ щынагъуэншэ яIэным хуэунэтIауэ Урысейм и Правительствэм программэ щхьэхуэхэр игъэхьэзыращ икIи ахэр нэхъ псынщIэу гъэзэщIа зэрыхъунум ди къару псори идохьэлIэ», - жиIащ УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и министрэм.

Псоми зрахьэлIэфынукъым

Альцеймейр узыфэм ирелъэзыну иджы япэу къыдагъэкIа хущхъуэр сымаджэхэм епхьэлIэ хуну къыщалъытащ США-м. «Клиникэ къэпщытэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ хущхъуэм и фIагъыр икIи шынагъуэншэу зэрыщытыр. США-м Альцеймер узыфэр зыпкърытхэм я бжьыгъэр мелуани 6,5-м ноблагъэ, ауэ хущхъуэр сэбэп зыхуэхьунур зи узыр хэмытIэсахэрщ», - жиIащ къэралым узынишагъэр хъумэныжмкlэ и министерствэм и Iэщ Iагъэлlэ Бураккио Терезэ.

МЕДИЦИНЭ къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъэныжмкlэ, Альцеймер узыфэр нэхъыбэу зиIэр зи ныбжьыр илъэс 65-м щIигъуэхэрщ. Щхьэ куцIым и къалэнхэр фIыуэ зэримыгъэзэщIэжым къыхэкIыу, цIыхум и гурыхуагъэм кIэроху, и гупсысэр нэхъ хуэм мэхъу, абы къыхэкIыуи и хьэлми зехьэуж. Уэрфэр зыхуэдэр 1907 гъэ лъандэрэ къхэутауэ щытами, иджыри къэс абы и хущхъуэ щхьэхуэ щыIакъым.

«Леканемаб» фIэщыгъэр зиIэ хущхъуэр узым зэрызыкъуиргъащIэ щытыкIэхэм зэрапэщIэтым хэщыныжмэщIауэ, абы нэхъ хуэму зиужьныжмкIи сэбэп мэхъу. Хущхъуэр лъынтхуэм иригъкIуэ лъым хагъэлъадэ, сымаджэм а мастэр мазэм тIэу зыхригъэлъхьэн хуейщ. Ауэ... и уасэри пудкъым икIи сымаджэ псоми ар зрахьэлIэну яхуэзфIэкIынукъым. Ильэсым абы текIуэдэнущ сом мелуани 2,5-рэ.

Бадзэуэгъуэм и 11, *гъубж*

♦ЦIыху бжьыгъэм хэхъуэным и дунейпсо махуэщ

♦Шоколадым и дунейпсо махуэщ

♦1958 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр Монголием кIуащ, абы и лъэпкъ махуэшхуэм хэтын папщIэ.

♦1932 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкlэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ **Кlэрэф Майэ.**

♦1948 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Къунижь Алим.**

Дунеим и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 – 21-рэ, жэщым градус 14 – 17 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 12, *бэрэжьей*

♦Граждан авиацэм и бортзехьэм и дунейпсо махуэщ

♦1927 гъэм къалъхуащ скульптор Iэзэ, УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я сурэтыщI **ТхьэкIумашэ Михаил.**

♦1947 гъэм къалъхуащ социологие щIэныгъэхэмкlэ доктор, АКъУ-м и профессор, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ и ильэс куэдкIэ лэжьа **ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий.**

♦1958 гъэм къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Пщы-гъусэ Аслъэнбэч.**

♦1958 гъэм къалъхуащ дзюдомкlэ дунейм и чемпион **Льацэр Хьэзрэт.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр текъэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 – 24-рэ, жэщым градус 17 – 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар щхьэщэмыщI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи бзэм хуитыжым и насыпщ.

Зэхэзекlуэхэр тыншын папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз щыгъуазэ дызэрищIамкlэ, Налшык и автовокзал №2-м и унэжьыр здэщытам и деж транспортым щикI икIи щитIысхьэ Iуэхущ Iапl э щаухуэнущ.

АВТОВОКЗАЛЫМ и унэр кхъахэ хъуати яхуэзгъэпэщыжьнутэкъым. Ар къигъэлъэгъуащ экспертизэм.

Налшык щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ тыншын папщIэ унафэ къащтащ здэщыта щIыпIэм транспортым и иджырей икIыпIэ-итIысхьэпIэ щаухуэну.

ЦIыхухэм къыхуэзыгъэгъэпэщынущ гъэугъанэ псори, абы къыдэкIуэу щикIыну, щитIысхьэну щыпIэхэри къыщыгъэльэгъуа иджырей павильонхэр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ зэса маршрутхэм зэрызэрамыкхуэжьыным, нэхъапэми хуэдэу, цIыхухэр здэжьам нэсыфынущ транспортыр зэрамыхъэжьыну икIи ахъшэ лей щIамыту.

Зи гугъу тщIы павильоным и ефIэкIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ гъуэгум щытехьэну зэманыр тхауэ зэрыщытынур. Абы къыхэкIыу автобус цIыкIум цIыхухэр из хъуным пэплъэжьнукъым. ЦIыхухэр къезыщэкIынур нэхъапэми апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ къахуэзыщIэу щытахэрщ.

Ухуэныгъэхэр зэфIэкIыхукlэ, пIалъэкIэ къыщыувыIэну щыпIэхэр къыхаснущ. Абыхэм яхэтынущ автовокзалыжьу щытам и гъунэгъунухэри.

Налшык республикэм и район псоми нэхъ тыншу зэрыпащIэнум и мызакъуэу, мы щыпIэр хъунущ къалэм и тепльэр зыгъэдахэхэм ящыщ зы.

УАРДЭ Жантинэ.

Адыгагъэмрэ динымрэ зэгуэтщ

Бадзэуэгъуэм и 5-м «Адыгэ псалъэм» и редакцэм къытхеблэгъащ Налшык щыпсэу, и дыщIи и унагъуэкIи Кэнжэ къуажэм щыщ Дол (Тау) Рае. ЩIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ, ныбжьымрэ акъылымрэ, динымрэ адыгагъэмрэ зэрызэIэпэгъуэм и щапхъэ нэрылъагъут Тхъэр арэзы зыхуэхъун ди хьэщIэр.

РАЕ къытхIэлъыкIуэн хуей щIэхъуэ щхьэусыгъуэр иужьрей «Ислъамым и нурым» къытехуа, Сэбаншы Хьэдис и хъуТ1эрщ. ЗэрыфщIэжащ, ар теухуат муслымэнхэм зыкъэзыльытэж щIыхуэхъэмрэ я щIэпхъэ мардэхэм. Мэрем уциер нэхъыбэу зыхуэгъэзар унагъуэм кIэлъыплъыныр зи пщэ кьыдэхуэ щIыхуэхъуэрщ. Абы кьыхэкIыу, щхьэж и нэIэ щIэт пхъуэм, щхьэгъусэхэм, анэхэм я зыхуэпэкIэм теплъэкъуакI зэрымыхъунум тезыгъэныныхь Iммаым и унафэр: тIкIийт, и бзэри щэрыуат. Сэбаншы Хьэдис зытепсэлъыхьа куэдымкIэ акъылгъэу хуэхъуа пэтми, Рае и жагъуэ хъуа гуэри Iуэхум кьыхэкIащ. Къэралым и унафэ пъхашэми, кьызыхэкIа лъэпкъыр зыхэпсэукI хабзэми, щхьэж и унагъуэ кьаланхэми зыдграгъкIуу, итIанэми зэрымуслымыныгъэм и зэрыдыгэри – зэрымыгъуэщэу псэуа езым и нэхъыжьхъэм ягу кьишхыдыкIыу, Рае щхьэхуимыту зэрилытащ иджыредй щIалэгъуалэм игу иримыхьу ядильъагъуэмрэ езым и нэгу щIэкIа динэхьжкIэ Iэсэмрэ. УпщIэхэмкIэ къыщIидза ди уэрэшрэ зэакьылгъуэм я псальэмакъ щIэхъужари аратэжащ.

Фарзым тету зыпхуэпэнри хъарзынэщ, Рае зэрыжиIэмкIэ. Аущ, ди жагъуэ зэрыхъущ, мусльымэну зыкъэзыгъэльагъуэ куэдым исльамым и ПлажькIэ зэхуэсыгъэ хъуну гущIэгъур яхэлъхьащ, я Iуэху зехьэкIэкIи, цIыху хэтыкIэкIи, нэхъыжь-нэхъыщIэ бгъэдэтыкIэкIи «нэгъуэщI къуэрIэн ефджэн ещанкъ» хьэпшIыщэжащ. Я гугъу дымышIу тхуэшэчакъым динр зэрахьэ пэтми, я бын хьифIэзыдэхэм, ар зыгъэдахэ хабзэ исльамым хэтынкIэ Iэмал иIэкъым. Ди муслымэн теплъэр зыкьызыпхрэ абы и щIэбзэ уи гур кьуымытхэщIыкIмэ, диным и Iэфым уэхкIыжауэ аращ, Рае зэреплъымкIэ. «Диным и зэхуэдитIыр кьабзагъэщI», - жызIа ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и Iуэхэтым узэрыщIыщым и нэщэнэу сыт кьыпхэнэжыр, щэныфIагъ пхэмылъмэ? Кьабзагъэм тепсэлъыхькIэрэ, Рае фIэфIу ягу кьиГъэкIыжырт илъэситI ипэкIэ дунейм ехьжа и щхьэгъусэр. ИгъащIэм я пщIэнтIэлэскIэ кьалэжьырэ хьэпэл кьыжауащрэ фIэжа яIуэхькъым Долхэ я унагъуэм. Нобэми зытетыр а хабзэрщ. «Диныр кьабзагъэщ. ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам кьабзагъэ фIэфIу щIытащ. Си щхьэгъусэр апхуэдэт. Игу заГъэу зыщыхуэмыгъэкъэбзэжьым, нэмэзыгунэм щищIым щIидзауэ щытащ».

Диныкъ хэпльэкIэ зыпхуэпэнри щыIэжьым, Рае зэрегупсысымкIэ. «Ислъам диныр нэгъэсауэ ныфIэрызгъэхьауэ», - жызIа Мухьэммэд Бгъыимбар лъапIэр «дин зепхьэркъым» жиIэу, игъащIэм зы цIыхум пэщIэвакъым, езымрэ и гъусэхэмрэ дунейм трахужьину къезауэхэм защIихьуа фIэкIа».

«Си гуапэ хъуащ щыгъын фIыцIэр нэрыгъыу зыубыдахэм зыгуэр зэреущIар, - жеIэ Рае адэкIэ. – Я нитIым фIэкIа умыльагъуу, я нэкIуэр кьепхъухарэ, я тIэкIуми нэгуэджэ фIыцIэ Iулъыжу кьыдыдыхэкэри си жагъуэщ. Абы щхьэ зыгуэр темыпсэлъыхьрэ?»

Мусльымэн динир адыгэхэм кьыззращтэрэ ЛIащIыгъуэ бжьыгъэхъуащ. Адыгагъэ зыхэлъым мусльымэныгъэ дзбгъуэтыныщ, ислъам динир зэрыщIытыхъэу зезыхьэми адыгагъэ хэмылъыпIэ иIэкъым. Рае а и гупсысэр хуэз зимыIыгъ. Зи кIэщ ираухы бзэзмыльэкI бзыльхъугъэм Iущыгъэу зэхьдигъэхам щIэ щIэткъым.

«Адыгэ псальэм» илъэс щэ ныкъуэм нэблэгъауэ Iэ тредзэ Рае. Игу нэхъ дыхьэ тхыгъэхэр гукIэ зриГъащIэу кьыщIокI, жиIэр зэрыпэжьым и щыхьэтуи, ДыщкI Марие и уцыне дахэхэм дыщIегъэдэIу. СыкIэуIэбжьащ жипIэныр мащIэт Рае усакIуэ щIэрыIуэ Хаям Омар и псэукIам, щIэныгъэу бгъэдэлъам, уеблэмэ и лIэкIэ хуэам теухуауэ кьиГуэтэжкъэм сыщедалуэм. Лажьэ зимыIэ мусльымэн усакIуэм шагъыпр и нэрыгъ хуэдэу пцIы тезыгъэIуякIа «здэзэкIалъуэхэми» датепсэлъыхьащ.

И гугъу дымышIу кьэнакъым нобэрей сабийхэр гупыэтэ губзыгъэ зэрыкуэныкъуэми. «Бзэри, хабзэри, динри сабий Iыгъпэм щегъэжьауэ яхэпщэн хуейщ щIыкIуэм, - жеIэ Рае. – Ауэ ар кьоХъуIэн папщIэ, цIыкIуэр зыIэщIэлъ гъэсакIуэм а псори езым бгъэдэлъыпхъэщ».

Илъэс 86-м и бзылъхугъэ лъагъуГуафэр тхыльэ, газет еджэу, дунейм щекIуэжкIым кIэлъыплъу апхуэдэщ. Рае и сабийгъуэр зэманым и гуащIэгъуэм хиубыдащ. «Иджыпсту куэдкIэ нэхъ тыншщ упсэну, ауэ сыт хуэдэ лъэхъэнэр нэхъ къэпщтэнт жыпIэу укъызэупщIамэ, сыщыщIыкIуар кьыхэсхьнт. Сыту жыпIэмэ, абы щыгъуэм щIыхуэм я зэхуакум лъагъуныгъэрэ гуапагъэрэ дэпъащ, уеий-сысей жамыIэу, сабийхэм кьыткIэпъыпIырт, кьыщIдащхьи кьэхъуу. Ди адэ-анэм «мыпхуэдэм и губгъэн кьэхпхащ» жедмыгъэIэн папщIэ, нэхъыжь посми демыдаIуэу хъунутэкъым. Иджыпсту зыгуэрым и быным уеущимэ, зейр кьыпщIыхьэнщ. Кущбжэ лъагэхэр дращIей, щIыхуэр ирагъэблагъэн я жагъуэу».

Рае сердэуэку, сызэгупсысыр зыт: ярэби, жьыми щIэми псэуэ яIут мыпхуэдэ нэхъыжь Iущхэр дэнэ кIужьа? «ЩIыкIуэхэр адыгэбзэкIэ псэлъэжьыркъым», «адыгэ сабий щIэжькъым» щIыжьтIэм имыжьэуапу пIэрэ ар?!

ЧЭРИМ Марианнэ.
Сурэтыр тезыхар **Къарей Элинэщ.**

Жылагъуэхэр псыкIэ къызэрагъэпэщ

Ди республикэр ящыщщ цIыхуэхэр зэфэну псы къабзэмкIэ нэхъыфIэ дыдэу зыкъызэзэныгъэпэщхэм.

ЗЭМАНКIЭ дызэIэбэхьымэ, жылэ куэдым тхъэусыхафэхэр щагъэшу щытащ псыр яхурикIуу зэрамыгъэутым кьыжьыбгъу. Псом хэмыдыжу ахэр гугъу ехьырт иджыпсту хуэдэ гъэмахуэ хуабэм, сыту жыпIэмэ зэгъэзэхуэпауэ, зэман пыухыкIам тетут зэрыратыр. А кьыхуаутIыпщащ хэти нэхъыбэу иригъахьуэрти, хадэм щIигъэпсащ. Адрей, адрей хэм ирилэбэн кьудейуэ яхуримыкIужу, ар нэгъуэщI щIыпIэхэм кьызышхэми уарихьэлIэрт. Иужьрей илъэсхэм щытыкIэр нэрылъагъуу иофIаIкIуэ икIи абыкIэ сэбэпшхэм кьахухэу «Псы кьахуэ» зэрыпсэ. Псы хэмыдыжу щIэшыпIэхэр щаухуащ Анзорей, Кьулъкъужьи Ищхьэрэ, Ипщэ, Куба, Сэрмакъ кьуажэхэм.

Зи гугъу тщIы проектыр кьыщыхьаха 2019 гъэм щIигъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIынальэхэм щаухуащ икIи щызэрагъэпэщыжащ псы кьыщIэшыпIэ 54-рэ. Псальэм папщIэ, Быльым кьуажэм щаухуа псы кьыщIэшыпIитIым я фIыгъэкIэ кьуажэдэс минитIым псы зэфэнымрэ зэрыIэбэнымрэ дяпэкIэ пэрыхьэту яГъэтынущ. Ухуэныгъэр яублэн ипэкIэ ухуакIуэжэм зыхуэи хуагъэзащ псыр зрикIуэну бжьамий километр3,5-рэ, псырыкьышIащ- шыну щIыпIэр метр 80-кIэ яубруащ, псы кьабзэм нэсыху. КьищынэмыщIауэ, псы хъуманIэу тIу яГъэуващ, я дэтхэнэми кубометри 120-рэ ярыхуэу. Хьэзыр хьуа объектыр мыгуэу ятынущ.

Республикэм и кьалэхэмрэ жылэхэмрэ псы зэфэнымкIэ кьызэгъэпэщащ, кьанэ щIагъуэ щымыIэу. «Псы кьабзэ» кьэрал пэкуэщIэм хиубыдэу Тэрч кьалэм, Лэскэн ЕтIуанэ, Нартан, Пашынкъей, Кьулъкъужьи Ищхьэ кьуажэхэм я псы кьыщIэшыпIэхэр хьэзыр ящI.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Кавказ щэнхабзэм дихьэха япон щIалэ Нозаки Тайгэ кIуэ пэтми нэхъри фIыкIэ дыкъегъэуIэбжь. Иджыри къэс езы щIалэм ди щэнхабзэр зэрищIыхум и гугъу тщIамэ, адыгэ лэпкъым и блэкIари и нобэри зыфIэгъащIэгъуэн Нозаки и фIыгъэкIэ Японием Адыгэ Хасэ кьыщызэIуахауэ кьыщIокI.

ЯПЭ лъэбакъуэ зыбжанэщ ичар Японием щыIэ Адыгэ Хасэм. ЗэкIэ абы хэтыр щыхуиплI кьудейщ: егъэджакIуэ Кьагъыбрмэс Светланэ, зэдзэкIалIэу Бацу Дисэ, Тырку щыщ сурэттех Ялчин Танер, студент Щад Дамир сымэ. Гупыр мыину щытми, я мурадхэр щIыкIуакъым. Хамэ щыпIэм щыпсэу ди лъэпкъхэр зэкъуэхэр зэрыщIыхумэ, я бжыгъэр кьаззрифIэщIым хуэдэу зэрымымащIэр нэIуэ кьызэрыкъуным щэч хэлъкъым. Адыгэхэм нэхъри нэхъ жыджэру я Iуэхум щIэхъуэпсырт ищхьэкIэ зи гугъу тщIа Нозаки Тайгэ. «Сэ щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм «кьащIыщIыщхьыпI» сфIэфIщ. Си акъылэгъуэхэр нэхъыбэ хъумэ, нэхъыбэж тхуэзэфIэкIынущ», - жеIэ япон щIалэм.

Тайгэ и гур Кавказым и псэр кIэрыщIыщIэныпэ щхьэусыгъуэ хуэхъуар адыгэ сэшхуэрат. Японхэми бэнэкIэ теГъэджэхэр яIэщ, Iащщфlми и уасэр ящIэ. Адыгэхэм я бжьыщIыщIидзэри, Тайгэ Дасыьстэнри, Шэшэнри, адрей кавказ лъэпкъхэри зригъэцIыхуащ. Нобэ дызыщыгуфIыкI япон Адыгэ Хасэм и кьызэгъэпэщынри нэхъ гъунэгъу кьэзыщIахэм яхьубжэ хъунущ ар. Зэгъуэзэнхьащ щIыпIэпсым щыщу хэхуэ яхьумэ щIынапIэ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» щIынапIэ лъэпкъ паркым хьихь щы Iыхьэхэр. А хьэгъэщагъэм кьэрикIуащ сом мелуани 7-м щIигъу хэщIынигъэ.

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэ нэхъыщIхьэу КИФЩI-м щыIэм шэч зыхуащIхэм ятеухуа уголовнэ Iуэхуэхэр кьиIэтащ, УФ-м и УК-м 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм икIи иткIэ. Ахэр илъэси 10-кIэ яГъэтIысынкIэ мэхъу.

УАРДЭ Женя.

Японием и Адыгэ Хасэ

Псалъэзэблэдз



Бадзэуэгъуэм и 8-м къыдэкIа псалъэзэблэдзым фыкьызэреджэнур мыпхуэдэущ.

● Щ1ыуэпс

Краснодар крайм и Мостовской районым ит Псебай жылэм и хэщIапIэщ Лабэ ЦIыкIу Къырылъэ щытхьыр «щыгъэпитхьыр».

КЪАЛЭ теплъэ зиIэ хъуа а къуажэ кIыхьышхуэм зэреджэ, зэрынэрылъагъуэщи, къызытехъуэкIар адрэгъбзэм хэт «псы», «бэ» псалъэхэрщ, къызэрыбгурыIуэ хъунри «псы куэду здэщIэ лъахэ» жьхуиIэщ. Лабэ ЦIыкIу абдежым бгъыщIыхьэдзэж псы къуэпсхэм язу мы зэманым урысхэм «Псебайкэ» зыхужаIэри зи гугъу тщIы фIэщыгъэм и благъэщ. Хьыбарэм кьиззрыхэщIыжьмкIэ, иужьрейм ехьэлIауэ а щIыпIэм щыпсэуа адыгэхэм нэхъ къаГъэсэбэпу щытар «Къъужьыб» фIэщыгъэщрэ, «къъужькIэ бей кьуакIэ» къарГъэкIыу.

Удэзыхьэхыу дахэщ

Къалэ теплъэ зиIэ кьуажэжьхуэр зэдащыс щIыпIэм щыщIадзэ Iэхэлъахэм и нэхъ дахапIэхэм. Къыпэгъунэгъу Кьырылъэ шытхьм ипщэ лъэныкъуэмкIэ гъэза и джабэ нэкIуэр апхуэдизу задэщи, языныкъуэхэр метрищ зыбжанэ зи лъагагъ щыпсэщI. ЩIыпIэрысхэр абыхэм зэреджэри теПъыдж къыпщохъу: «Амэт и щыхуIэ», «ЩIыхьм и епкIапIэ», «Джэрпэджэж шытх», нэгъуэщIхэри. Мыбдежым гъэдыдж-гъуэжлауэхри бгъыэнщIагъэхэри щыкуэдщI. Абыхэм яхэбгъуэтэнущ, зэрыдзэпыщIа и лъэныкъуэкIэ, километр зыбжанэ зи кIыхьагъэхри.

ЩIыпIапIпъэхэр Псыбей ипщэкIэ кьыщIыс Никитинэ кьуажэ щIыкIум икIыуэр, Лабэ ЦIыкIу и къызыщIахьэхэмкIэ щыIэ псыкъелъэхэм макIуэ, бгыщхьэ тафэхэм йохьэ, километр 88-рэ зи кIыхьагъ Хуэдз псы бгъунжьыр зи кьежьапIэ Тхьэщы IуащхьэжьымкIэ екIуэкIыжхэри яхэтщ.

Лабэ ЦIыкIу и тIуащIэ абрагъэр щыпIапIпъэхэм нэгузэгъэужьыпIэ зэрахуэхъуэр куэд щIащ. КьуршыщхьэмкIэ щиIэ и Iуфхэм щыпэрыхьэтщ абы щызэхэзекIуэм игу дыхьэну хьэщIэщхэр, зыгъэпсэхупIэхэр, бдзэжьей ещапIэхэр, дыгъэ зеГъэунIэхэр. КъинэмыщIауэ, псыхъуитIри я къужьхьыпIащ. Пъакъуэрыгъажьэм тесу зыщщэзыпIпъыхьын зыфIэфIхэм.

Псы жапIэр къагъэсэбэп кьуафэ цIыкIуэхэмкIэ (байдаркэ, каноэ) зыкърезыгъэхьэхьн зи щIасэхэми, и Iуфэр лъэс зекIуапIэ зыхуэхъуа бдзэжьеящэхэм.

Лабэ и псыхъуащхьэхэм (тIуми) узыщIрихьэлIэ нэгузэгъэужьыпIэ тепльыджэщ псыкъелъэу щыпэрыхьэтхэм я Iэхэлъахэри. Апхуэдэхэм ящыщ зым, кьызэрабжамкIэ, метр 54-рэ и лъагагъщ.

БлэкIам и Iэужьщ

Урыс-Кавказ зауэр здекIуэкIым, 1856 гъэм пащтыхьыдзэхэм Кхъужьыб (Псыбей) дэсахэр зэхэзехуэн ящIу, езы кьуажэри зэтрагъэсхьа ижь, зэрыпхуэкIуэхэм а щIыпIэм бдаплIэ кьыщагъэунэхуащ.

Тхьидэтх Щербинэ Фёдор «История Кубанского казачьего войска» тхылъым зэрыщитхымкIэ, «1856 гъэм Лабэ и кIыхьагъкIэ бгым кIэщIыхьэу зыщызэгъэбыда урыс дзэлIэхэм ипщэ къэныкъуэмкIи зыхуэныкъуэу кьалытэ гъуэгуэхэри щыпхашырт, Щэдыкъуэ (Шедок), Псыбей быдапIэхэр щаухуэрт».

А лъэхъэнэ гуащIэм зауэр идыжри имыухыпауэ, хэкурысхэм я унапIэ итIысохьахэм 1862 гъэм Псыбей быдапIэм «ирагъэблэгъащ» а щIыпIэр къэзыгъэуа сэлэтхэм Урысей пхащIэм къыщагъэна я унагъуэм исхэмрэ Новопокровскэ станицэм щыщ кьэзакъхэм я Iыхьлыхэмрэ.

КьуэхэгъащIупхъэщ, урысхэм зи гугъу тщIы Псыбей кьуажэщIэр а цIэ дыдэр зезыхьэу Лабэ ЦIыкIу кьухьэпIэмкIэ кьыщыкъэлъадэ псы кьуэпсым дэж зэрыщащхуауэ щытари.

ИкIи, дгъэщIагъуэр араущ, дзэ щIагъуи щымыIэу, мащIэ-мащIэуэ я зыкъэзыужьа жылэм, им хъужауэ мы зэманым, Лабэ ЦIыкIу и Iуфэу сэмэгу къэныкъуэмкIэ щыIэм километр 12-кIэ дехьу, тIуащIэ дахэщхьэм щыщиукъэдиящ. Зыхиубыдэ районым и къуажащхэ Мостовской ар зэрыпэжьжьар километр 27-кIэщ.

Къалэ теплъэ зиIэ къуажэщхьэр псыр здекIуэм ипщэ нэхъ къыщыпэгъунэгъу Шэдыкъуэ (Шедок) километр 27-кIэ пIыдзащ. КъуэкIыпIэмкIэ (Лабэ цIыкIу узэпрыкIмэ) абы кьыпэщысщ Андрюки (Мерэтыкъуэ Къасым зэритхымкIэ, Андрыгу) жьхуаIэ станицэр.

Къэдкъэ нэхъ хуэищхъэрэу Лабэ и ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ Iус Курганинск къалэм кьикIыу Псыбей нэс кърашэлIауэ щыта гъущI гъуэгу къудамэу километр 95-рэ зи кIыхьагъыр нобэр кьыздэсми мэлажьэ.

ГъэщIэгъуэнщ

Лабэ и кьуэпс псоми зыызытрагуашэ щыгур телъыджэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым иныгъым хуэдизщ, е нэгъуэщIу жьIтIэмэ, километр зэбгъуэзнатIэ мин 12-рэ 500-м ноблагъэ.

Псышхуэм и къуэнэхуэкIэр нэхъыбэм зрапхыр къуршыжьхэр щIэзыхъумэ мылыпIэхэм къащIэж псыхэр арами, къызэрахутамкIэ, и ныджэм псыщIагъыпсэхэм ящIрихьэлIэнущ.

Кавказ щытхышхуэм ищхъэрэкIэ гъэза и джабэщIхэм кIэрыщIа мыл джейхэм кьапыткIу ткIуанэхэр «анэ быдзышэ» зыхуэхъуа Лабэшхуэрэ Лабэ ЦIыкIурэ, къуэ бгъунж цIыкIуэхэм здалъадэ-къыдэжьжьми, къуршылъэ-мэзылъэ тIуащIэхэм зыкъыщызэщIакъуэрэ, жьанэ Iуэзвхэм километри 130-м нэблагъэкIэ щожэх. Ахметовскэм («Ахъмэт и фо изщ» жьхуаIэ бгым и дек), Каладжинская (Къаладжа) станицэхэр кьызэрызэрэанэкIыну, иужьрейм деж, хуэищхъэрэу, тIури щыIэзхолъэдэж.

Езы псышхуэм, Лабэшхуэ къыщежьэ къурш лъабжьэ псынащхьэхэм я дежь къыщыщIэдзауэ, Псыжь щыхэхуэжьмэ нэсыху километр 347-рэ и кIыхьагъщ.

Лабэ ЦIыкIу и кьежьапIэр Анщхэ бгым ищхъэрэкIэ гъэза и «куэщIырщ».

ХЬЭТIКЪУЭ Щауапщэ.

● УФСБ-м къет

Контрафакт тутынхэкIхэр

УРЫСЕЙ ФСБ-м и управленэу КЪР-м щыIэм, КЪР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм, контрабандэм пэщIэтынымкIэ Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкIыу, къызэпаудащ республикэм щыпсэу, хабзэм къемызэгъэуу тутынхэкIэр зыщIыпIэм пыщIам илэжь щIэпхъаджагъэр. Абы къытрахащ федеральнэ маркэхэр зытемыту тутынхэкI пачкэ мин 55-рэ.

Уголовнэ Iуэху къэIэтыным йолэжь.

Къуэды тралъхьэ

ПРОХЛАДНЭ кьалэ администрацэм и лэжьакIуэу щытар хабзэм зэребэкъуар Урысей ФСБ-м и управленэу КЪБР-м щыIэм, КЪР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм, экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкIыу, къыщIагъэщащ.

ЗэраубзыхуамкIэ, Кочергин Д. А. 2021 гъэм и щэкIуэгъуэм, профильнэ коммосэм и унафэщIу щыщытам, хабзэм ебакъуэри, Прохладнэ кьалэм щыпсэу цIыхубзыр зи псэупIэр егъэфIэкIуапхъэу ятхахэм яхигъэкIащ.

Прохладнэ район судым и унафэ кьару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Кочергин Д. А. къуаншэу кьалъытащ УФ-м и УК-м и 285-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщIихьа щIэпхъаджагъэм хуэдэ зэрилажьэм щхьэкIэ икIи абы къуэды ипшынычу тралъхьащ.

Сом мелуани 7-м щIигъу

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыпсэу цIыхуитхум, гъэпцIэныгъэм пыщIауэ щэ зыхуащIхэм, зэрахьэ щIэпхъаджагъэр. Урысей ФСБ-м и управленэу КЪР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм, экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм пэщIэтынымкIэ Iуэхуэхэр щрагъэкIуэкIым, къызэпаудащ.

Абыхэм дэфтэр нэпцIхэр яГъэхьэщIыну, щIыпIуэпсым щыщу хэхуэу яхьумэ щIынапIэ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» щIынапIэ лъэпкъ паркым хьихь щы Iыхьэхэр. А хьэгъэщагъэм кьрикIуащ сом мелуани 7-м щIигъу хэщIынигъэ.

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэ нэхъыщIхьэу КИФЩI-м щыIэм шэч зыхуащIхэм ятеухуа уголовнэ Iуэхуэхэр кьиIэтащ, УФ-м и УК-м 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм икIи иткIэ. Ахэр илъэси 10-кIэ яГъэтIысынкIэ мэхъу.

УАРДЭ Женя.

Кхъужьыб и тэхъуанэ телъыджэ

Кануков Есе и чэщанэр, и фочыр, и хъыбарыр

● Зэпыщ1эныгъэхэр

Лъэпкъ хъэщ и тхьэм нэхъ лейуэ щIэгушхуэ лIыхьужьхэр хэтщ. Зэрыфщ1эщи, осетинхэр иронрэ дигору егуэш. Нобэ зи гугъу тщIынур адыгэпщ Къетыкъуэ Аслъэнбэч и цIэр дигу къэзыгъэкIыж, дигор къудамэм щыщ Кануков Есещ.

КАНУКОВ (Хъанчуэрэ) унэцIэр зезыхьэ лIакъуэр лъабжьэжь зиIэ осетин алдар (пщы) лъэпкъым хеубыдэ. Ижь-ижьыжь лъандэрэ абыхэм яубыд Донифарс жьхуаIэ щIыпIэр. 2017 гъэм Владикавказ дэт Гуманитар щIэныгъэхэмкIэ институтым къыдигъэкIауэ щытащ бзэ зыбжанэкIэ (осетинибзэ, урысыбзэ, турыбзэ) зэхэт «Есе Канков» тхылъыр. Кануковыр я лъэпкъым и къежьапIэм, я лъапсэжьыр къаззрыIэрыхьа щыкIэм, дигорхэм хуитныныгъэ яхьуэзыхьыжьа Кануков Есе зэрихьа Iыгъэм теухуа уэрэдэр, урысыбзэрэ тыркубзэрэ абы теухуауэ щыIэ зэдзэкIыгъэхэр, гукъэкIыжьхэр, щIэныгъэлI лэжьыгъэхэр щыщIэхэщ а тхылъым.ديدنكا къуажэм щыщ Кануковыр, Есе уэрэд щIэзыгъэлIащ. Ди дежкIэ мыхьэнэ нэхъыщхьэ зиIэр абы Къетыкъуэ Аслъэнбэч и цIэр къызэрызэхущIырщ.

Донифарс къуажэр пщыгъуэ щхьэхуэу зэманкIэ щыта щIэ. Езы лъэпкъым щызекIуэ хъыбарым ипкъ иткIэ, зыззман а щIыпIэр къэбэрдеипщ Къетыкъуэ Аслъэнбэч ипыдыну екъуэпсати, Есе и лIыгъэм иригъэкIуэтри, апхуэдэ Iэмал къритакъым.

Дэтхэнэ Iуэрыдыуэтэми ещхьу, Iуэхум и пэжыпIэр зыгурыбгъэIуэну тыншкъым. Тхьдэджжэм гу лъатащ уэрэдым зи цIэр кьыхуащ Къетыкъуэ Аслъэнбэчэр Кануков Есерэ щыпсэуа зэманкIэ зэрыззэтемыхъэм. Нэхъ гурыIуэгъуэу къэхъуэам топсэлъыхь а лъэпкъ дыдэм щыщу, Есе къытепщIыкIыжа, Курж щыпсэу Кануков Константин. Абы кьызэриIуэтэжьмкIэ, осетин лIыхьужьыр зыпэщIэувар Къетыкъуэ Аслъэнбэч и къуэрт.

«1916 гъэм си адэм Тыркум кьрахауэ фочгуэр кьыIэрыхьауэ щытащ, - игу кьеГъэкIыж Константин. – Псалъэмакъ куэд кьеКIуэкIащ абы теухуауэ. КьызэрыщIэкIымкIэ, ди лъэпкъыр зыщыщ Донифарс щIыпIэм а фочыр зыхэта Iуэхугъуэ щекIуэкIат. Къэбэрдеипщхэм Дигориер я тепщэгъуэм щIагъэувэну щыхуейм щыгъуэ, Кануков Есе апэщIэувэри, я хьунщIэтеузэкэри, щIыпIэр яубыдым гукъыдэжри яхуэпэнуащ щыта».

Хъыбарыр Константин езым и адэм кьыжриIэжащ. Дэри ар зэрыщытыхьэу фи пащхьэ идолъхьэ: «Зэгуэрым Къетыкъуэ Аслъэнбэчэ и къуэр, и дзэр щыгъуэу, Дигорием кьихьэри, Кануков Есе лIыкIэу хуигъэкIуат, и щIыхуэмэрэ ишхэмрэ жэщ екIуэлIапэрэ шхынрэ кьаритыну унафэ хуищIу. Есе лIыкIуэхэм кьажреIэ: «Вгъэзэжи, фи пщым жефIэ: «ХьэщIэу укъэкIуамэ, уэыхуей псори пхуэтщIэнщ. Лейзехьэу укъэкIуамэ, хэт текIуэми, деплъынщ». ПIыкIуэр Къетыкъуэм деж къэкIуэжри, аргуэру пщым и жэуапыр иыГъыу иГъэзэжащ Есе деж: «Сыт ухуейми кьысофIэщ, ауэ сызызыхуей псори кьысхэхуащI». Осетиныпщым аргуэрым псалъэ кьрегъэхь: «Сэ ныжэбэ чэщанэм сыщIэсынущ. Си дежкIэ кьакIуэ гъэзгур къэбгъэтыну ухуейми, и кьуэлипIлым бжагъу зырызэ кIэрысщIэнщи, мафIэ щIэзгъэнэнщ. Пщэдджыжь си фочыр щэ зэгъэунущ».

Къетыкъуэр жэщым чэщанэм бгъэдыхьэну тегушхуакъым, хьыбарым кьызэрызэщIыжмкIэ. Нэху щыри, адыгэпщыр кьубгъан иныгъыу кьыщIэкIащ, андез ищтэн пащIэ. И Iэр итхъэщIу здэщытым, Есе уэри, пщым кьубгъаныкъым фIэкIа кьыщIэмынэу, IещIиудащ. Зихъумэжьи зэрыхуейр кьыгурыIуэу, Къетыкъуэр шым щэсауэ щежьэжьым, Есе кIэлъыуэри, пщым и пыIэр щхьэриудащ. Ауэ ещанэ уэгъуэм Iещ1кIри, Iащщхэ кьыгъэшм зыкъуигъэтщIыуащ.

Пщым аргуэру лIыкIуэ хуеГъакIуэ осетин щIалэм: «Уэзрыл1ыхьужьыр кьызгурыIуащ. Аущ си адэр зэи осетинхэм кьауакIэкъым, сэри апхуэдэу сыкIуэж хъунукъым. ДызэгурыгъаIуи, кьуэшу хуэдэу дызэбгъэдэгъэкIыж. Укъызэрызэуа фочри сыгъэлъагъу».

Есе и фочыр кьиштащ, чэщанэм кьыщIэкIри, пщым дежкIуащ.

«ДызэрызэгурыIуэнур зыщ, - жриащ абы Къетыкъуэпщым. – ДяпэкIэ хьэщIэу фIэкIа, зы кьэбэрдей щIалэ зэрыпIэкъуэ кьэмыкIуэну псалъэ бгдэ кьызэт. Абыкъ сыбгъэпэжьнумэ, мыр си Iэщи, кьэубыд». Къетыкъуэр арэзы кьурри, абдеж щегъэжьауэ Дигориер Донифарси хуит хъужащ.

Уэрэдым и цIэри и зэхэтыкIэри куэду зэщхьэщокI, IукIэ зыбжани иIэщ абы: «Кануков Есерэ Къетыкъуэ Аслъэнбэчэрэ ятехуа уэрэд», «Сары-Аслъэнбэч теуха уэрэд», «Донифарс щыщ Кануков Есе лIыхьужьым теухуа уэрэд», кьинэмыщIкэр. Сатыр зыбжанэ къэтхьынщ:

Сары-Аслъэнбэч балигъ хъурри,
Къэбэрдейр зэрихьэн щIидзащ.
Ауэрэ унагъуэу тIысысжьм мурад ещIри,
Бахъсэн щыщ Урысбий
Кургъуокъуэ и пхъур щхьэгъусэу къешэ.
Кургъуокъуэ и пхъур вы
фIыщIитIкIэ егъэдыщасэ,
Нэхъ дахэ Iещым яхэмыту,
Я бжьакъуэхэр IуэнтIарэ зуГъэнауэ,
Дэтхэнэ зыми дыщэ ахъшэ кIэрыщIауэ.

Я псалъэхэр зэтемыхуэу щытми, уэрэдым хэуба псалъэхэм дымышIэ куэд къыдегъащIэ. А хьыбар дыдэр адыгэхэм зэрыжаIэм ирадIуэну гъэщIэгъэнт. Абыкъэ ди тхыдджэхэмрэ Iуэрыдуэтджэхэмрэ дащогугъ.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

● Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэм

Жылагъуэм и быдапІэ нэхъыщхьэ

Щэбэт блэкІам, бадзэуэгъуэм и 8-м, ди къэралым иджы 16-нэу щагъэлъапІащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэр. Къэралым и зы Іыхьэу, жылагъуэм и быдапІэ лъэщу щыт унагъуэращ къыщежьэр щІыхухэм яхэлъ хьэл дахэхэу лъагъуныгъэмрэ гуапагъэмрэ, пщІэмрэ нэмысымрэ, гумащІагъымрэ пэжыгъэмрэ, нэгъуэщІхэри. Махуэшхуэр гъэлъапІэным лъабжьэ хуэхъуащ УФ-м и Президентым 2008 гъэм къыдигъэкІа Унафэ щхьэхуэр.

ГЪАЩІЭМ мыхьэнэшхуэ щызиІэ унагъуэм гулыитэшхуи зэрыщигъуэтым и щапхъэу, абы и пщІэр къэЗэтыным хуэгъэпса махуэр Іэтауэ щагъэлъапІащ дуней республикэм. Ар хуэгъэзащ унагъуэшхуэхэм, быныфІ къызыщІэуа зэщхьэгъуэсхэм, зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу зэдэпсэу, жылагъуэм щапхъэу къыщаль ди нэхъыжьыфІхэм пщІэ хэха, гулъытэ яхуэщІыным. Илъэс 25-рэ нэхърэ мынэхъ мащІэкІэ апхуэдэу екІуу къызэдэгъэгурыкІуа зэщхьэгъуэсхэм папщІэ къэралым щагъэващ «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ» медалыр. Ар махуэщхуэм ирихьэлІэу ират унагъуэ дахэхэм, щІыхь, фІыщІэ тхылъ хэхахэр.

Апхуэдэ дамыгъэ лъапІэхэр мы махуэхэм зрата унагъуэ дахэхэм ящыщщ зыбжанэм щратащ Іуащъхьамахуэ щыналъэм. Апхуэдэ хуэахэщ Бахтиевхэ Рауфрэ Светланэрэ, Жапуевхэ Аслъэнбийрэ Маринэрэ, Атакуевхэ Жамболэтрэ Мариямрэ я унагъуэ быдэхэр. Абыхэм ирата дамыгъэ лъапІэхэр къалэжащ я унагъуэхэм лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ, зэгурыІуэныгъэмрэ гуапагъэмрэ хэхьуэ зэпыту, абыхэм ящыщ щхьэгъэсу, республикэм и сабий гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэхэм пщІэншэу бынхэр зэрыщыбгъэІэфІ, нэгъуэщІхэри.

Дэ тщыщ дэтхэнэми ди дежкІэ унагъуэм мыхьэнэшхуэ иІэщи, а махуэшхуэмкІэ псоми дыныбовхуэхъу. Фи унагъуэхэм иль фІыгъуэхэр багъуэу, абыхэм хэхьуэ зэпыту, фи нэхъыжьыфІхэм яхуэфащэн щІэблэ узынШэ къыщІыхьэуну, унагъуэ насыпыфІэу фыпсэуну ди гуапэщ. Къэралми и зэІуэпэщыныгъэр псом япэу къызэралъэтэр абы унагъуэм щиІэ пщІэрщ, гулъытэращи, аэр нэхъыбэж ирехъу.

ТАМБИЙ Линэ.

Гъащ Іэр куэдкІэ къахуоупсэ

Урысей МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэм КъБР-м щиІэ къудамэм и лэжьакІуэхэщ Бакъейхэ Іэмырбийрэ ФатІимэрэ. Іэмырбий Воронеж къалэм 2006 гъэм къыщиухащ Урысей МЧС-м и мафІэс-техникэ училищэр, 2012 гъэм Урысей МЧС-м и академиер. Урысей МЧС-м Іэнатіэ зэрыІухьэрэ ар инспектору, дознавателу, хъумакІуэхэм я унафэщІу лэжьащ. Иджыпсту ар гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ егъэджэныгъэмкІэ къудамэм и инспектор нэхъыжьщ.

ІЭМЫРБИЙ МЧС-м здэлажьэм, курыт еджапІэм къэпщытэныгъэ Іэхуэкіэ ягъэкІуауэ къицІыхуащ щхьэгъусэ хуэхъуа ФатІимэ. Нэхъапэ Іэхкіэ ар еджапІэм тхыдэмкІэ и егъэджакІуэу лэжьащ. Мы зэманым ар псыхэм цІыхухэм я шинагъэуншагъэр къыщызэгъэпэщыныкІэ къудамэхэм и инспекторщ.

- Ди лэжьыгъэр Іэщ Іагъэ нэхъыфІхэм ящыщу къызолъытэ. Сабийхэм зыщагъэпскІкІэ шинагъуэншагъэм теухуауэ ящІапхъэ Іэмалхэм хьзогъэгъэуазэ, - жеІэ ФатІимэ. - Лэжьыгъэм дыпэрытыху сабийхэр гъэсапІэм щыІщ. Дауд илъэситху мэхъури, и адэм хуэдэу къегъэлакІуэ хъуну хуейщ. И адэр дзюдомкІэ спортым и мастерым и кандидатщи, спортым дрегъэхьэх, и Іэпкъпэпкъым зрегъэужь. Далия и дэлъхум сыт щыгъуи и телъхьэщ, спортым щиІэ екъуІэныгъэхэм щогуфІыкІ.

Илъэсих и пэкІэ къуэнэхуа Бакъейхэ я унагъуэ дахэр зэщхьэгъусэхэм фІыуэ ялъагъу я лэжьыгъэм нэхъри егъэбыдэ. Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным и махуэшхуэ куэд нобэ хуэдэу насыпыфІэу зэдагъэлъэпІэну ди гуапэщ!

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

Ди щІалэхэр зэбгрокІ

Дызыхуэкіуэ щэбэтым щіидзэн хуейщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и Япэ гупым и «Б» зонэм щыІэну зэхьэзэхуэм. Командэхэм абы зыхуагъэхьэзырынкІ яух икІи иужь зэныбжьэгъугъэ зэІущІэхэр ирагъэкІуэкІ.

● Футбол

ХЪЫБАР къызэрытІэрыхьамкІэ, «Спартак-Налшыкым» зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ къыщыдыхуащ. Къапщтэмэ, гупым хэкІыжащ гъуащхьэхъумэныкъуэ лъэрызехьэхэу Дэхъу Ислъамрэ Хьутіэ Анзоррэ. А тІур ирагъэблагъащ къалэныШхуэжэр зыхуэзыгъэгъуэжа Павловскэм и «Кубань-Холдинг»-м. Гъуащхьэхъумэ Мэкъуауэ Залымы нэгъуэщІ командэ кьелъыхъуэ. Налшык адэкІэ щыджэгъжынукъым гъуащхьэтет Мицаев Расули. ГущІыхьэращи, абыхэм ди командэм иращІыІауэ щыта зэгурыІуэныгъэхэм я ПІалъэр иухащ икІи зэхьхьэ гупхэм зы соми къыпТІорагъэхьэнукъым.

«Спартак-Налшыкым» къыхьыхьауэ зи хъыбар тщІэр гъуащхьэтет Къумыкъуу Аслъэнбэч и закъуэщ. Къурымыт и командэхэм ящыщ зым бэджэнду иратауэ щытати, абы къигъэзэжащ.

Щэбэт кІуам зыгъэсэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ «Спартак-Налшыкым» Къабэрдей-Балъкъэрым и кІалащхьэм зэныбжьэгъугъэ зэІущІэ щыдригъэкІуэкІащ Псыхуабэ къикІа «Мэшыкъуэ-КМВ»-м. Уэшхьшхуэм щІэту зэпэщІэта командэхэм кьагъэлъэгъуэфаи щыІэкъым. Аэр 0:0-у зэбгъэдэкІыжащ. Апхуэдэ щыкІэкІэ иужь джэгугъуитІым ди щІалэхэр зэи къыщыкъэжанЫкІыфакъым. ЗэрыфщІэжщи, тхьэмахуэ ипэкІэ аэр 0:1-у къыхигъэщІауэ щытащ Мэхъэчкъалэ къикІа «Легион»-м.

«Мэшыкъуэ-КМВ»-м щыдзджэгум налшыкдэсхэм я щІыхьыр яхъумащ Сиукаевым, КІэдыкІуейм, Далиевым, Белоусовым, Молэмусэм, Торосян, Хьэщ Іыкім, Жангуразовым, Масленниковым, Селяевым, Топурие, Хьэщырым, ЛІупым. КъищынэмыщІауэ, джэгупІэ губгъуэм кьрагъэхьащ зыкІэлъыплъыну кьрагъэблагъа футболиститІ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Гъуазджэ

Сурэтхэр къагъэщІэрэщІэж

КъБКъУ-м дизайнымкІэ и колледжым «Реставрация» Іэщ Іагъэм щыхуеджэ Кьармэ Ланэрэ Ету Илонэрэ хэтащ Ярослав областым и Переславскэ музей-заповедникым щахъумэ сурэтхэр къэгъэщІэрэщІэжыным.

«РЕСТАВРАЦИЯ масляной живописи, посвященной эпохе соцреализма» Іуэхур къызэрагъэпэщащ Урысейм и Реставраторхэм я зэгухьанІыгъэмрэ Переславскэ музей-заповедникымрэ. Абы хэтащ Санкт-Петербург Штиглиц А. Л. и цІэр зезыхьэ и художественно-промышленнэ академием, Санкт-Петербург щэнхабэзэмкІэ и институтым, КъБКъУ-м дизайнымкІэ и колледжым реставратор Іэщ Іагъэм щыхуедж студентхэ.

Я щІэныгъэ унафэщІ, япэ категорие зиІэ художник-реставраторым и нэІэ кьатету, Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэм къагъэщІэрэщІэжащ художник Попков Виктор и Іэдакъэ къыщІэкІа «На лесах Большого театра» сурэтыр, Делл-Вос-Кардовская О. Л. и «Лестница, ведущая к церкви Александра Невского», «Крыльцо и собачья будка» лэжьыгъэхэр.

Ди щІыналъэм икІахэр реставрацэ Іуэхум и пэм щыщІэдзауэ и кІэм нэс жыджэру хэтащ. Абы и фІыгъэкІэ сурэтыщІ гъуазджэм ехьэлІауэ ябгъэдэлъ зэфІэкІым хагъэхъуащ, щІэ куэд къащІащ.

Переславль-Залесскэ зэрыщыІар студентхэм ягу ирихьащ. Абыхэм яфІэгъэщІэгъэну зыщагъэгъуэзащ къалэм и тхыдэмрэ щэнхабзэммрэ. Ахэр щыІащ Спасо-Преображенскэ члисэ зэхуэхьэсам, Горицкэ Успенскэ къульшырыфым, «Ботик Петра I» унэ-музеим. Псом хуэмыдэу Ланэрэ Илонэрэ гуапэ ящыхьауащ Переславскэ музей-заповедникым и лэжьакІуэхэм зэрагъэхьэщІамрэ я гупым пщІэ къыщэрыхуащІамрэ.

- Сызыхуеджэ Іэщ Іагъэм щІэщыгъуэщ. Гъуазджэ сурэтхэм я гъащІэр нэхъ кІыхь пщІыным нэхъыфІ сыт щыІэ?! Реставраторхэр тхыдэм дыльэІэсым хуэдэщ. Ди къалэн нэхъыщхьэр хьугъуэфІыгъуэхэм я япэрей теплъэр дыхуэсакъыу тхьымэныщ. Ярослав областым дыззрыщыІар щхьэпэ сщыхъуащ. Іыхьэлейуэ гуапэщ Попков Виктор и «На лесах Большого театра» лэжьыгъэм иджы си гуащІи зэрыхэлъыр, - жеІэ Ету Илонэ.

«На лесах Большого театра» лэжьыгъэр мы гъэм Къэрал Третьяковскэ галереем щагъэлъэгъунущ, Попков Виктор и выставкэм хьыхьэу.

Ету Илонэрэ Кьармэ Ланэрэ КъБКъУ-м дизайнымкІэ и колледжым и унафэщІхэм фІыщІэ хуащІ реставраторхэм я школым и зэхуэсым зэрагъэкІуам папщІэ.

АРЦЫДАН Дахэжан.

Джылахъстэнейм и щапхъэхэр

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным и урысейпсо махуэр, КъБР-м и щыналъэ псоми хуэдэу, Джылахъстэнейми щагъэлъапІащ.

ІЭМЫЩІЭМ кьимыщ а дамыгъэ щыкІум и уасэр, унагъуэ быдэр бухуэн папщІэ кьарурэ щыІэныгъэу, акъылыфІагъэрэ бэшэчагъуэу узыхуейнуэ зыщІэр илъэс куэд щІауэ зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэм я закъуэщ. Унагъуэм и дахэри и Іейри зэпсэгъуэм я зэхуэдэ кьалэну зэрыщытыр фІыуэ ящІэ мы махуэр зэдэзыгъэльапІэ цІыху насыпыфІхэм.

Тэрч щыналъэм и администрацэм бадзэуэгъуэм и 8-м щагъэлъапІащ мы гъэм унагъуэ нэхъыфІу кьалъытахэр.

«Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ» медалыр хуагъэфащащ: Дыщэкіхэ Суфэдинэ Лидэрэ (Тамбовскэ къуажэ), Белгъэрхэ Барэсбийрэ Риммэрэ (Хьэпціей), Фанзийхэ Заудинрэ Нинэрэ (Болэтей), Дрынкинхэ Александрэ Валентинэрэ (Интернациональное), Балъкэрхэ Хьэсэнбийрэ Замирэрэ (Дей).

КьыдэкІуэтей щІэблэм щапхъэ яхуэхъу, бын дахэ зыгъэса зэщхьэгъусэхэм хъуэхъу псалъэкІэ захуигъэзащ щІыналъэм и унафэщІ Хьущт Аслъэнбий.

- Ди щІыналъэм щымащІэкъым унагъуэ быдэ зыуха, зэхущытыкІэ дахэ зи яку дэлъ зэщхьэгъусэхэр. Унагъуэм иль зэхущытыкІэм куэд зэрельытар псоми фІыуэ дощІэ. Абы щІапІыкІ быным аращ щапхъэу, гъуазэу я гъащІэ псом яІэнур, езыхэм яухуэну унагъуэхэм лъабжьэ хуащІынур. ФІыщІэ щхьэхуэ яхуэфащэщ бын куэд зыпІ унагъуэхэм. УнэгъащІэу ТІысыжьажэри абыхэм дэплъеину, хабзэ дахэхэм, зэхущытыкІэ екІум щапхъэ трахыну дыхуейт.

Ди щІыналъэм и дэтхэнэ унагъуэми сохъуэхъу узынщагъэ быдэ яІэну, зэгурыІуэу, ефІакІуэу псэуну!

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Гъэ къэси хуэдэу, бадзэуэгъуэм и 8-м республикэм и кьалащхьэмрэ кьуажэхэмрэ щагъэлъапІащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным и урысейпсо махуэр. Хабзэ хъуауэ, абы ирихьэлІэу языныкъуэхэм я нэчыхьыр ирагъэтх. Лэскэн районым а махуэшхуэм щращІэкІа концертым хьихьэу ягъэлъапІащ унагъуэ дахэ зэдэзыхуэуа, илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ зэбгъэдэс зэщхьэгъусэхэр.

УФ-м и Президент Путин Владимир нэгьабэ унафэу къыхилъхьащ бадзэуэгъуэм и 8-м а махуэр ягъэлъапІэну. Къэралым и Іэтащхьэм и унафэм къыхигъащащ абы и мыхьэнэр ЦІыхум и дежкІэ лъапІэныгъэхэм я нэхъыщхьэ унагъуэр хъумэныр, сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ тэмэму гъэсэныр. КъыжьыІапхъэщ, мы гъэм илъэс 16 хъуауэ ар зэрапІэну.

«Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ» медалыр тыгъэ хуащІащ Лэскэн районым щапхъэ зытепх хъуну кьыщалъыта унагъуиплІым Кабалоевхэ (Уэрэздж), Елейхэ (Ерокъэу), Бозийхэ (Аргудан), Къумахуэхэ (Лэскэн ЕтІуанэ). Анэрофей кьуажэм щыщ ГуІэтыжхэ я унагъуэм фІыщІэ тхылъ иратащ, Лэскэн районым и цІэкІэ «Илъэсым и унагъуэ» урысейпсо зэпеуэм зэрыхэтам икІи абы етІуанэ зэрыщыхъуам папщІэ. Медалыр зыхуагъэфэща щхьэхъэгъусэхэр я Іэщ Іагъэмкі, кьащІэхъуа бын бжыгъэкІэ, зэрызэздзэпсэуэрэ зэрыхъу илъэс бжыгъэхэр зэхуэмыдэми, унагъуэр псом я щхьэу кьызэралъытэм, зэщхьэгъусэхэм яку пщІэрэ нэмысрэ зэрыдэлъым зэщхьэ ещІ.

Лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным и нэщэнэу яІыхьэ щынэ-щынэ (ромашкэ) удз гъэгъа Іэрамэхэр ягъэлъэпІа унагъуэхэм я унэгуащхэм тыгъэ хуащІащ. Лэскэн куейм щагъэлъэпІахэм хьухэу куэд хужаІащ, концерт гукъинэж ирагъэпльащ. Мы махуэшхуэр и щыхьэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым унагъуэм, адэ-анэм, нэхъыжьым пщІэ зэрыщыкуащІым. Адэ-анэм бынхэр гъэса хъуным нэхъыжьэ зэуалІыныгъэ зыхащІэ, щІэблэр фІым щІелІыкІ.

- Іуэху псоми псыпэ хуэхъуэр унагъуэраращи, лъэпкъыр, республикэр зэрыгушхуэн щІэблэфІ кьыщыщІэхъуахэм, фяку дэлъ зэгурыІуэр нэхъ быдэ хьуэрэ екІуэкІыну, нэхъыщхьэращи, фызэрыгъэпэжу дяпэкІи гъащІэ кІыхь кьыздзэвгъэщІэну сынывохъуэхъу, - жиІащ Лэскэн районым и Іэтащхьэ Инжыжокъуэ Сэфарбий. - ЗэрытщІэщи, унагъуэ бухуэну тыншкъым. Ар пхъумэнуи нэхъ гугъужщ. ГуфІэгъуэи гузэвгъуи дэтхэнэ зы унагъуэми ильщ. Іуэху зэІуМыбзэхэм пхыкІы-фу зи унагъуэ зыхьумэфэрщ Іущагъ зыхэлъыр. Лъагъуныгъэрэ зэхуэпэжыныгъэрэ унагъуэм ильмэ, Іуэху зэІуМыбзэхэр кьызэбнэкІыфынущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Налшык кьалэм «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ» медалхэр унагъуэ 20-м зэрыщратар. Тэрч, Бахьсэн, Шэджэм, нэгъуэщІ районхэми мы махуэр щагъэлъапІащ. Зэрызэдэпсэуэрэ илъэс 35-м щыщІэдзауэ 70-м нэблэгъа зэщхьэгъусэ зыбжанэм хуагъэфэщащ «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ» медалыр. Зэхьхьэхэр кьызэрагъэпэщащ щІыпІэ адміністрацэхэмрэ «ЩІэблэщІэ гвардие» зэгухьанІыгъэмрэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

ЗэгурыІуэр мэунэ

ЗэчиифІэхэм я зэфІэкІыр

Нэгъуэщ Іи къэралыгъуэхэм дапызыщІэу щыта технологие ехьжьакъэм я пІэм иувэнуэр къэгупсысыным урысей щІэныгъэлІхэм я зэфІэкІышхуэ зэрыраухьэлІэм и щапхъэ куэд иджыпту къыпхуэхьынущ. Апхуэдэ ехьуІэныгъэ зиІэхэм зыкъыкІэзгъэзыхуркъым Кавказ Индхъэрэм и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэмэ.

ЗОМАНКІЭ дыззІэбэжІыжмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэлІхэр кууэ елэжьащ титан имплантэхэр полимеркІэ зэрызэрахъуэкІыфынЫ Іэмалым. Абыхэм я зэфІэкІым пащэу, ди Іыгъэгъу Осетие Ищхьэрэ - Аланием щыІэ Кавказ Ищхьэрэ бгы-металлургэ институтым и студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ зэгъуэгу кьагупсысащ нэгъуэщІ къэралхэм къыщыщІагъэкІэм фІагъкІэ кьакІэрымыхуу есэп дерсхэр зыщІ Іэмэпсымэ.

Псори зэсауэ нобэм кьэс кьагъэсэбэп алгоритмхэм кьащхьэщыкІыу абыхэм кьагупсыса модульнэ зэхуэгъэкІуэкІэм и фІыгъэкІэ есэпхэм я бжьыгъэ гъэмэщІа, дерсхэр нэхъ псынщІэу икІи нэхъ тыншу кьащІа хьунущ.

- НэгъуэщІ къэралхэм я есэп Іэмэпсымэхэм я мызакъуэу, ди къэралым нобэ кьыщагъэсэбэпхэм нэхъри абы и зэфІэкІыр нэхъ лъагэщ, - жаІащ Урысейм ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и министерствэм и щІэныгъэлІхэм.

Есэпымрэ Іэпщ Іэлъапщ Іагъэм ехьэлІа дерсхэмрэ псынщІэу къызэрыпщІэну а Іэмалыщ Іэхэр еджапІэ нэхъыщхьэм и сайтым кьралъхьащ. Зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэ тельыджэгъу дунейм кьытехьэныМрэ ахэр гъащІэм хэпща хьунымкІэ нобэ сэбэпышхуэ мэхъу къэралым абыхэм папщІэ кьыхилъхьэ пэхуэщІэхэмрэ я Іуэхущ Іафэхэр грантхэмрэ саугъэт щхьэхуэхэмкІэ зэрадиІыгъэмрэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР: **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан-нэ, Щхьэщэмыщ І Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР: **редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ Іэщ Іагъэм экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэм щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдэзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныМкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.576
Заказыр №1487
12+

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыМкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеХуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.**
Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ **Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Къарей Элинэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.